



NHARIYOMURINDI

YOKUZIVISA UMAMBO HWAJEHOVHA



NYAYA DZICHADZIDZWA

JUNE 3-9

**Nyatsobatsirwa
Nokuverenga
Bhaibheri**

PEJI 7 • NZIYO: 114, 113

JUNE 10-16

**Batsirwa Uye
Batsira Vamwe
neShoko raMwari**

PEJI 12 • NZIYO: 37, 92

JUNE 17-23

**‘Ivai Nechokwadi
Chezvinhu
Zvinonyanya
Kukosha’**

PEJI 22 • NZIYO: 70, 98

JUNE 24-30

‘Tisaneta’

PEJI 27 • NZIYO: 129, 63





NEPAL

KAVHA: Muungano dzakawanda, hama dzinosangana na7:30 mangwana ni, uye pamwe pacho dzinotokurumidza, kuti dziite basa rokuparidza. Dzinoshandisa mikana yose kuti dzi-pupurire vanhu mumigwagwa

VAGARI VEMO

26 620 809

VAPARIDZI

1 667


VADZIDZI VEBHAIBHERI

3 265

Mumakore mashanu apfuura, Nepal yave ichiwedzera vaparidzi neavhareji ye14 kubva muzana gore rega rega

■ VAPARIDZI

■ VADZIDZI VEBHAIBHERI



NYAYA DZOKUDZIDZA

- **Nyatsobatsirwa Nokuverenga Bhaibheri**
- **Batsirwa Uye Batsira Vamwe neShoko raMwari**

Pauro akanyora kuti “shoko raMwari ibenyu uye rine simba.” (VaH. 4:12) Asi simba iroro richangotibatsira kana tikadzidza Shoko raMwari rakafemerwa uye tikashandisa zvarinodzidzisa. Nyaya idzi dzicharatidza nzira yakanaka yokudzidza Bhaibheri uye dzicharatidza kubvumira kwatingaita uchenjeri hunobva kuna Mwari kuti hutibatsire muushumiri uye muupenyu hwedu.

- **‘Ivai Nechokwadi Chezvinhu Zvinonyanya Kukosha’**
- **‘Tisaneta’**

Takaropafadzwa kuva musangano raMwari rinoshamisa riri kudenga nepanyika. Asi tinganyatsotsigira sei zvariri kuita mazuva ano? Chii chichatibatsira kuti tirambe tichifambirana nesangano raJehovha uye kuti tisaneta? Nyaya idzi dzichatsanangura izvozvo.

DZIMWEWO NYAYA

- 3 Vakazvipa Nemwoyo Unoda—kuMexico
- 17 Makore 50 Ebaso Renguva Yakazara Pedyo neArctic Circle
- 32 Waizviziva Here?

NHARIREYOMURINDI
YOKUZIVISA UAMBO HWAJEHOVHA

April 15, 2013

Vol. 134, No. 8 Semimonthly SHONA

Magazini ino haitengeswi. Inoshandisawo pabasa rokudzidza Bhaibheri munyika yose uye basa iri rinotsigirwa nezvipozvidira. Magwaro anobva mu-Shanduro yeNyika Itsva yeMagwaro Matsvene, kunze kwokunge pataurwa kuti pane pamwe paatorwa.

Nharireyomurindi (ISSN 0043-1087) inobudiswa kavi pamwedzi neWatchtower Bible and Tract Society of New York, Inc.; L. Weaver, Jr., President; G. F. Simonis, Secretary-Treasurer; 25 Columbia Heights, Brooklyn, NY 11201-2483 uye neWatch Tower Bible and Tract

Society of South Africa NPC, 1 Robert Broom Drive East, Rangeview, Krugersdorp, 1739. © 2013 Watch Tower Bible and Tract Society of Pennsylvania. All rights reserved. Printed in South Africa.



kuMexico



ZVINOFAZDA kuona kuti vechiduku vakawanda vari kuita kuti upenyu hwavo husava netwakawanda-wanda kuti vakwanise kuwedzera ushumiri hwechi-Kristu. (Mat. 6:22) Zvii zvavanofanira kugadzirisa kuti vadaro? Vanosangana nezvipingamupinyi zvipi? Kutizive izvozvo, regai tinzwe ku ne vamwe vari kushumira kuMexico.

“TAIFANIRA KUCHINJA”

Dustin naJassa vokuUnited States vakaroorana muna January 2007. Pasina nguva, vakawanisa kuzadzisa chido chavaiva nacho kwenguva refu, chokutenga chikepe uye kuto-garamo. Chikepe chavo chainge chakasangirirwa pedyo neAstoria, Oregon, U.S.A., taundi rinoyevedza riri pedyo nePacific Ocean rakapoterredzwa nezvikomo zvine miti uye makomo ane misoro inogara yakachena chando. “Kwose kwawaitarira,” anodaro Dustin, “wakangwa mate mukwana nezvawaiona!” Mhuri iyi yaifunga kuti yairarama upenyu husina twakawanda-wanda, ichivimba naJehovha. Vaifunga kuti, ‘Hatisi here kugara muchikepe chakangoreba mamita 7,9 chete, tisinga-endi kubasa mazuva ose, tichipinda neungano yemumwe mutauro, uye pano neapo tichii-ta upiyona hwebetsero?’ Asi papfuura nguva, vakazoona kuti vaizvinyepera. “Pane kutsigira ungangano, nguva yakawanda tainge tichingogadzira chikepe chedu,” anodaro Dustin.

Dustin naJassa



“Takaona kuti kana tainyatsoda kuisa Jehovha pokutanga muupenyu, taifanira kuchinja.”

Jassa anowedzera kuti: “Ndisati ndaroorwa, ndaigara kuMexico, kwandaipinda neungano yeChirungu. Kwainakidza chaizvo, uye ndaida kudzokerako.” Kuti vasimbise chido chokunoshumira kune imwe nyika, Dustin naJassa vakatanga kuverenga pakunamata kwemhuri nyaya dzoupenyu dzhama nehanzvadzi dzakatamira kune dzimwe nyika kwaiva neminda yainge yaibvira kukohwa. (Joh. 4:35) Dustin anoti, “Taida kuwana mufaro wakadaro.” Pavakanzwa neshamwari dzaiva kuMexico kuti boka raiinge richangobva kuumbwa raida kubatsirwa, Dustin naJassa vakabva vaziva zvokuita. Vakasiya mabasa avo, vakatengesa chikepe chavo, ndokutamira kuMexico.

“CHINHU CHAKANAKISISA PANE ZVOSE ZVATAKAITA”

Dustin naJassa vakanogara mutaundi reTecomán, riri pedyo nePacific Ocean asi kuri kumaodzanyemba kweAstoria kure nemakiromita 4 345. “Kwataimbova kwaiva nekamhepo kanotonhorera uye makomo anoyevedza, asi kuno kunopisa zvisingaiti uye tinongoona minda yemiremoni yakaita zienda nakuenda,” anodaro Dustin. Pakutanga havana kuwana mabasa. Vaidya mupunga nebhinzi kaviri pazu-

va, kwemavhiki nemavhiki nokuti vaisava nemari. “Asi zvataidya pazvakanga zvisisaiti,” anodaro Jassa, ‘vataidzidza navo Bhaibheri vakatanga kutipa mango, mabhanana, mapopo uye maremoni akawanda!’ Nokufamba kwenguva, vakapiwa basa nechimwe chikoro chokuTaiwan rokudzidzisa mitauro vachishandisa Indaneti. Mari yavanowana pabasa iroro inokwana pane zवानoda zvezuva nezuva.

Dustin naJassa vanoti kudii nemararamiro avava kuita? “Kutama kwatakaita ndicho chinhu chakanakisisa pane zvole zvatakaita,” vanodaro. “Ukama hwedu naJehovha hwasimba chaizvo kupfuura zvataifunga uye isu tava kudanana chaizvo. Zuva nezuva tinoita zvakawanda pamwe chete, kuenda muushumiri hwomumunda, kukurukura nezvokubatsira vatinodzidza navo Bhaibheri, kugadzirira misanganano. Uyewo hatichazvidyi mwoyo sezvataimboita.” Vanowedzera kuti: “Iye zvino tava kuziva zvataisanyatsonzwisisa, zvinorehwa nevimbiso iri pana Pisarema 34:8 yokuti, ‘Ravirai henyu muone kuti Jehovha akanaka.’”

CHII CHINOITA KUTI VASHANDI VANE ZVIURU VAZVIPIRE?

Hama nehanzvadzi dzinopfuura 2 900, dzakaroorana uye dzisina, dzakawanda dzacho dzine makore ari kuma20 uye kuma30 dzakatamira munzvi-



- (1) Amelia naLevi, (2) Racquel naPhillip,
(3) Essly, (4) Leticia naHermilo, (5) Verónica,
(6) Adam naJennifer



mbo dzokuMexico kuchiri kudiwa vaparidzi voUmambo vakawanda. Nei Zvapupu zvose izvi zvakasaru-dza kuita basa iri risiri nyore? Vamwe vavo pavakabvunzwa mubvunzo uyu vakapa zvikonzero zvikuru zvitatu. Ndezvipi?

Kuratidza kuti vanoda Jehovha uye vanhu. **Leticia** akabhabhatidzwa aine makore 18. Anoti: “Panda-kazvitsaurira kuna Jehovha, ndainzwisisa kuti ndinofanira kumushumira nemwoyo wose uye nesimba rose. Saka kuti ndiratidze kuti ndaida Jehovha nemwoyo wose, ndaida kushandisa nguva yangu yakawanda nesimba mubasa rake.” (Mako 12:30) **Hermilo**, uyo akazoroora Leticia, aiva nemakore okuma20 paakatamira kwaidiwa vaparidzi voUmambo vakawanda. Anoti: “Ndakaona kuti kubatsira vanhu kuti vazive zvanoda pakunamata ndiyo nzira yakanaka chaizvo yokuratidza kuti ndinoda mukidzani.” (Mako 12:31) Saka akatama muguta rai-nge rakabudirira reMonterrey, maaishanda mubhen-gi uye aine upenyu hwakanaka, akanogara mutau-ndi duku.

Kuti vagare vachinyatsofara. Achangobhabhati-dzwa, Leticia akaenda neimwe hanzvadzi yava ne-makore ichipayona kutaundi riri kwaro roga kwa-vakanoparidza kwemwedzi. Leticia anoyeuka kuti: “Ndakashamiswa. Kuona kugamuchira kwaiita va-

nhu shoko roUmambo rataiparidza kwakaita kuti ndifare chaizvo. Pakapera mwedzi iwoyo, ndakati, ‘Izvi ndizvo zvandinoda kuita muupenyu hwangu!’ ”

Essly, hanzvadzi isina kuroorwa ine makore ari ku-ma20, akatiwo mafariro aakaona aiita vamwe ndi-wo akaita kuti ade kuitawo basa iri. Paaiva kuseko-ndari, aionana neZvapupu zvakawanda zvaishinga-ira zvaishanda kunodiwa vaparidzi vakawanda. Ano-ti, “Kuona kufara kwaiita hama nehanzvadzi idzo-dzo kwaiita kuti ndide kurarama sezvadzaiita.” Hanzvadzi dzakawanda dzakaitawo zvakaitwa naEssly. MuMexico munotova nehanzvadzi dzisina kuroorwa dzinopfura 680 dzinoshanda kunodiwa vaparidzi vakawanda. Chokwadi uyu muenzaniso wakanaka chaizvo kuvaduku nevakuru!

Kuti vararame upenyu hune chinangwa uye huno-gutsa. Ava kupedza chikoro chesekondari, Essly akapiwa bhezari rokuti aende kuyunivhesiti. Ve-zera rake vakamukurudzira kuti aritambire uye ku-ti azova noupenyu hwakanaka, aine dhigirii, ba-sa, motokari uye nguva yokushanya. Asi haana ku-teerera zano ravo. Essly anoti: “Vakawanda veshamwari dzangu dzechKristu vakavavarira zvinhu izvi uye ndakaona kuti vainge vasisanyanyi kukoshe-sa zvinangwa zvokunamata. Ndakaonawo kuti va-ivhiringidzika nematambudziko avaisangana nawo sezvavainyura muzvinhu zvenyika ino. Ini ndaida

kunyatsoshandisa uduku hwangu kushumira Jehovha.”

Essly akaitawo makosi aizomubatsira kuti awane basa rokuti azviriritire achipayona uye akabva atamira kunonyanya kudiwa vaparidzi voUmambo vaka-wanda. Akatoshingawo kudzidza mitauro yevanhu vechiOtomi uye vechiTlapaneco. Iye zvino, paanofunga zvaakaita mumakore matatu aaparidza kunzvimbo dziri kwadzo dzoga, anoti: “Kushanda kunodiwa vaparidzi vakawanda kwaita kuti ndigutsikane uye ndive nechinangwa chaicho muupenyu. Chinonyanya kukosha ndechokuti kwaita kuti ukama hwangu naJehovha husimbe.” **Phillip** nemudzimai wake **Racquel**, vane makore okuma30 vanobva ku-United States vanobvumirana nazvo. Vanoti, “Nyika iri kuchinja zvakananya zvokuti vakawanda vanonzwa sokuti upenyu hwavo hauna kugadzikana. Asi kushanda kwatichiri kuwana vanhu vakawanda vanoteerera shoko reBhaibheri kunoita kuti tive nechinangwa. Kunoita kuti tigutsikane chaizvo!”

KUKUNDA ZVIPINGAMUPINYI

Ichokwadi kuti kushanda kunodiwa vaparidzi voUmambo vakawanda kunewo matambudziko ako. Rimwe racho nderokuwana mari yokuzviriritira. Pakadaro, unofanira kuita zvinoenderana nekwa-uriri kugara. **Verónica**, ane makore achipayona anoti: “Kumwe kwandakambopayona, ndaibika uye ndaitengesa zvokudya zvisingadhuri. Kumwewo, ndaitengesa hembe uye ndaigera misoro. Iye zvino ndinoita basa rokuchenesa imba uyewo ndinodzidzisa vabereki kuti vangakurukurirana sei nevana vavo.”

Hazvisi nyore kuti ujairane nemamwe mararamiro uye tsika kunyanya kana uchigara nezvidza zvemo munzvimbo iri kwayo yoga. Ndizvo zvakaikwa kuna Phillip naRacquel pavaishanda mundima ine vanhu vanotaura chiNahuatl. “Tsika dzavo dzainge dzakasiyana nekure nedzedu,” anodaro Phillip. Chii chakavabatsira kuti vachinje? “Taiisa pfungwa pazvinhu zvakanaka zvaitwa nevanhu vechiNahuatl, kubatana kwemhuri dzavo, kuitirana zvinhu nemwoyo wose uye kuitirana mutsa.” Racquel anowedzera kuti: “Takadzidza zvakanwanda nokugara ikoko uye nokushanda pamwe chete nehama nehanzvadzi dzomunzvimbo iyoyo.”

KUGADZIRIRA KWAUNGAITA

Kana uchida kunobatsira kundima dziri kwadzo dzoga ungasadzirira sei? Hama nehanzvadzi dzagara nebasa iri dzinoti: Usati watama, tanga kuita kuti upenyu hwako husava netwakawanda-wanda uye dzidza kugutsikana. (VaF. 4:11, 12) Zvii zvimwe zvaungaita? Leticia anoti: “Ndaisabvuma mabasa aizaita kuti ndigare munzvimbo imwe chete kwenguva yakareba. Ndaida kuti nditame chero pandaida ndichienda chero kwandaida.” Hermilo anoti: “Ndakadzidzira kubika, kuwacha nokuaina.” Verónica anoti: “Ndichiri kugara pamba nevabereki uye nevamwe vana, ndaichenesa imba uye ndakadzidza kubika zvokudya zvine utano asi zvisingadhuri. Ndakadzidzawo kuchengetedza mari.”

Levi na**Amelia** vokuUnited States uye vava nemakore masere vakaroorana vanotaura kubatsirwa kwavakaitwa neminyengerero yainyatsodudza zvavaida kuti vagadzirire kunoshumira kuMexico. Levi anoti: “Takanyora pasi mari yataida kuti tinoshumira tiri kune imwe nyika kwegore uye takanyengerera kuna Jehovha kuti atibatsire kuwana mari yacho chayo.” Pasina mwedzi yakawanda, vakakwanisa kuwana mari yavainge vataura nezvayo mumunyengerero wavo uye vakabva vangotama. Levi anoti: “Jehovha akaita zvatainge tanyatsokumbira saka zvainge zvasarira kwatiri.” Amelia anowedzera kuti: “Taifunga kuti taizogara kwegore chete asi tava nemakore manomwe tiri kuno uye hatisi kufunga zvokudzokera! Kugara kuno kuri kuita kuti tinyatsoona kubatsirwa kwatinoitwa naJehovha. Zuva nezuva tinoona uchapupu hwokuti akanaka.”

Munyengerero wakabatsirawo chaizvo **Adam** nemudzimai wake **Jennifer**, vokuUnited States, vari kushumira mundima inotaura Chirungu muMexico. Vanokurudzira kuti: “Usamirire kuti zvinhu zvitange zvanaka. Taurawo nezvechido chako chokunoshumira kune imwe nyika uchinyengerera uye ita zvinoenderana neminyengerero yako. Ita kuti upenyu hwako husava netwakawanda-wanda, nyorerera bazi riri munyika yaunoda kunoshumira uye ona kana zvichiita, wobva watama!”* Kana ukadaro, uchava noupenyu hunofadza uye hwakapfuma pakunamata.

* Kutu uwane mamwe mashoko, ona nyaya inoti “‘Ungayambukira kuMakedhoniya’ Here?” iri muUshumiri Hwedu hwoUmambo hwaAugust 2011.



NYATSOBATSIRWA NOKUVERENGA BHAIBHERI

“Ndinofarira mutemo waMwari.”—VAR. 7:22.

TSVAGA PFUNGWA IDZI

Kuverenga “nenzwi riri pasi” kuchakubatsira sei?

Ungava sei nepfungwa dzinobva muMagwaro dzaunogona kushandisa kubatsira vamwe?

Kunyatsoverenga Bhaibheri kunokudzivirira sei?

“MANGWANANI ega ega ndinotenda Jehovha noku ndibatsira kunzwisisa Bhaibheri.” Hanzvadzi yechikuru yakataura izvozvo yakaverenga Bhaibheri rose kanopfuura ka40 uye haisi kugumira ipapo. Imwe hanzvadzi yechiduku yakanyora kuti kuverenga Bhaibheri kwakaibatsira kunyatsoona kuti zvechokwadi Jehovha ariko. Izvi zvakaiswededza pedyo naBaba vayo vokudenga. Yakati, “Handina kumbofara zvakadai muupenyu hwangu!”

² Muapostora Petro akakurudzira vose kuti vapange “mukaka usina kushatiswa weshoko.” (1 Pet. 2:2) Vaya vanogutsa chido ichocho nokudzidza Bhaibheri uye vanoshandisa zvarinodzidzisa vane hana yakachena uye chinangwa muupenyu. Vanoumba ushamwari hwenguva refu nevaya vanodawo uye vanoshumira Mwari wechokwadi. Zvose izvi zvikonzero zvakana zvokuti tifarire “mutemo waMwari.” (VaR. 7:22) Asi pane zvimwe zvakawanda. Zvimwe zvacho ndezvipi?

³ Kana ukadzidza zvakawanda nezvaJehovha neMwanakomana wake, uchawedzerawo kuvada uye kuda vamwe vanhu. Kuva nezivo yakarurama yeMagwaro kunokubatsira kuona kuponeswa kuchaitwa vanhu vanoteerera pachaparadzwa nyika ino. Une mashoko akanaka okuudza vanhu muushumiri. Jehovha achakukomborerera paunenge uchidzidzisa vamwe zvinhu zvawakadzidza pawaiverenga Shoko rake.

VERENGA UYE FUNGISISA

⁴ Jehovha haadi kuti vashumiri vake vangoita chipapatapa kuverenga Shoko rake. Kare akaudza Joshua kuti: “Bhuku iri romutemo harifaniri kubva *pamuromo* pako, unofanira kuriverenga *nenzwi riri pasi* masikati nosuku.” (Josh. 1:8; Pis. 1:2) Murayiro uyu unoreva here

1-3. Kuverenga Bhaibheri uye kushandisa zvarinodzidzisa kunobatsira sei?

4. Kuverenga Bhaibheri “nenzwi riri pasi” kunorevei?

kuti unofanira kuverenga mashoko ose nenzwi riri pasi kubva kuna Genesisi kusvika kuna Zvakazarurwa? Kwete. Unoreva kuti unofanira kuverenga uchizvipa nguva yokufungisisa. Paunoverenga Bhaibheri “nenzwi riri pasi,” uchakwanisa kuisa pfungwa pazvikamu zvinonyanya kukubatsira uye kukukurudzira panguva iyoyo. Paunowana mashoko, ndima kana nyaya dzakadaro, verenga zvishoma nezvishoma, uchitaita seuri kududza mashoko acho. Kunyatso-kosha kwepfungwa yeMagwaro kungakubaya mwoyo. Nei izvi zvichikosha? Nokuti kunzwisisa zano raMwari kunokupa chikonzero chakasimba chokurishandisa.

⁵ Kuverenga nenzwi riri pasi kunobatsira paunoverenga mabhuku eBhaibheri ausina kujaira. Somuenzaniso, funga zviitiko izvi zvitatu. Kutanga, funga nezvehama yechiduku yasvika kuuprofita hwaHosiya pakuverenga kwayo Bhaibheri. Muchitsauko 4, inombomira yapedza kuverenga nenzwi riri pasi ndima 11 kusvika ku13. (*Verenga Hosiya 4:11-13.*) Nei yamira? Yabatwa pfungwa nendima idzodzo nokuti yave ichirwisa kusaita unzenza kuchikoro. Inodzamisira pfungwa pandima dzacho yofunga kuti: ‘Jehovha anoona zvinhu zvakaipa zvinoitwa nevanhu pachivande. Handidi kumugumbura.’ Hama yacho inotsidza mumwoyo kuramba iine tsika dzakachena pamberi paMwari.

⁶ Muchiitiko chechipiri, hanzvadzi iri kuverenga uprofiti hwaJoeri uye inosvika pachitsauko 2, ndima 13. (*Verenga Joeri 2:13.*) Sezvainoverenga ndima iyoyo nenzwi riri pasi, inofungisisa kuti ingatevedzera sei Jehovha, “ane nyasha nengoni, anonoka kutsamwa, azere nomutsa worudo.” Inosarudza kuti ichaedza kusataura masho-

5-7. Taura muenzaniso unoratidza kuti kuverenga Shoko raMwari nenzwi riri pasi kungakubatsira sei (a) kuramba uine tsika dzakachena; (b) kuitira vamwe mwoyo murefu uye mutsa; (c) kuvimba naJehovha kunyange munguva dzakaoma.

ko okunyomba uye ehasha kumurume wayo nevamwe.

⁷ Chechitatu, fungidzira muKristu apere-rwa nebasa uye ari kunetseka kuti achariritira sei mudzimai nevana. Pana Nahumi 1:7, anoverenga nenzwi riri pasi kuti Jehovha “anoziva vava vanopotera kwaari” uye anovadzivirira se“nhare muzuva rokutamudzika.” Pfungwa iyoyo inomunyaradza. Anoona kuti Jehovha anotitarisira uye ane rudo, obva arega kunyanya kuzvidya mwoyo. Anoverengawo ndima 15 nenzwi riri pasi. (*Verenga Nahumi 1:15.*) Hama yedu inoona kuti nokuparidza mashoko akanaka munguva dzakaoma, inenge ichiratidza kuti zvechokwadi, inoona Jehovha senhare yayo. Hama yacho painenge ichitsvaka basa, inonzwawo chido chokutsigira ushumiri hwepakati pevhiki.

⁸ Pfungwa dzinobatsira dzataurwa dzinobva mumabhuku eBhaibheri anonzi nevamwe akaoma kunzwisisa. Paunoongorora bhuku raHosiya, raJoeri, uye raNahumi nechido chokudzidza, zvakanaka kuti uverenge dzimwe ndima dzirimo nenzwi riri pasi. Funga uchenjeri uye nyaradzo zvaunogona kuwana mumabhuku iwayo evaprofita! Asi zvakadini neBhaibheri rose? Shoko raMwari rakaita somugodhi wedhayamondi. Nyatsochera mugodhi iwoyo! Verenga Bhaibheri rose nechinangwa chokuwana mirayiridzo nevimbiso zvinokosha zvinobva kuna Mwari.

VAVARIRA KUTI UNZWISE

⁹ Kunyange zvazvo zvichikosha kuti uverenge chikamu cheBhaibheri zuva rega rega, unofanirawo kuedza kuchinzwisisa. Saka, shandisa zvakanaka mabhuku esanganano raJehovha kutsvakurudza zvimwe zvine chokuita nevanhu, nzvimbo, uye zviitiko zva-

8. Taura muchidimbu chokwadi chinokosha chawakawana pawaverenga Bhaibheri.

9. Tingawedzera sei kunzwisisa kwatinoita kuda kwaMwari?

ZVAUNODZIDZISA ZVINOENDERANA NENGUVA HERE?

Hatidi kusaririra pakunzwisa chokwadi cheBhaibheri kuitira kuti tiudzewo vamwe zivo yakarurama. Uchifunga izvozvo, unga-pindura sei mibvunzo inotevera?

- Jesu aifunga nezvavanaani paakataura nezve“chizvarwa chino” pana Mateu 24:34?—*Nhareyomurindi*, April 15, 2010, mapeji 10-11.
- Kuparadzaniswa kwe“makwai nembudzi” kunotaurwa pana Mateu 25:32 kunoitika rini?—*Nhareyomurindi*, October 15, 1995, mapeji 21-23.
- Sezvinotaurwa pana Ruka 21:26, vanhu vachapera “simba nokutya uye nokutarisira zvinhu zvinouya pamusoro penyika inogarwa” rini?—*Nhareyomurindi*, February 15, 1994, mapeji 19-20.

Kana tikaverenga Bhaibheri zuva nezuva uye tichinyatso-dzidza tiri toga, tichakwanisa kubatsira vamwe kufamba muchiedza chiri kuramba chichiwedzera icho Jehovha ari kuita kuti chipenye paShoko rake Bhaibheri.—Zvir. 4:18.

Aporo akabatsirwa kuti anyatsobudirira muushumiri hwake



unoverenga nezvazvo. Kana uchinetsikawo kuti imwe dzidziso yeBhaibheri inoshanda sei muupenyu hwako, unogona kukumbira kubatsirwa nemukuru weungano kana mumwe muKristu akasimba pakunamata. Kuti tiratidze kukosha kwokuramba tichiwedzera kunzwisa, ngatikurukurei muenzaniso wemumwe muKristu wepakutanga akaedza kuita izvozvo. MuKristu iyeye ainzi Aporo.

¹⁰ Aporo aiva muKristu wechiJudha “ainyatsoziva Magwaro” uye ‘aipisa nomudzi-mu.’ Bhuku raMabasa rinoti nezvake: “Akatanganga kutaura nokudzidzisa nenzira yakarurama zvinhu zvine chokuita naJesu, asi aingoziva rubhabhatidzo rwaJohani chete.” Aporo aisaziva kuti zvaaidzidzisa zvainge zvisisiri kushanda panyaya yorubhabhati-

10, 11. (a) Aporo akabatsirwa sei kunatsiridza kuti ave mushumiri wemashoko akanaka? (b) Tingadzidzei panyaya yaAporo? (Ona bhokisi rakanzi “Zvaunodzidzisa Zvinoenderana Nenguva Here?”)

dzo. Vamwe vaKristu, Prisira naAkwira pavakamunzwa achidzidzisa muEfeso, “vakamutsanangurira nzira yaMwari zvakanatsorurama.” (Mab. 18:24-26) Izvi zvakabatsirwa sei Aporo?

¹¹ Pashure pokuparidzira muEfeso, Aporo akaenda kuAkaya. “Paakasvika ikoko, akabatsira kwazvo vava vakanga vatenda nokuda kwomutsa usina kukodzera kuwana waMwari; nokuti nesimba akaratidza kwazvo vaJudha pachena kuti vakanga vasina kururama, asi achiratidza neMagwaro kuti Jesu ndiye aiva Kristu.” (Mab. 18:27, 28) Panguva iyoyo, Aporo ainge ava kukwanisa kutsanangura zvakarurama zvairehwa norubhabhatidzo rwechiKristu. Ava kunzwisa zvakadaro, “akabatsira kwazvo” vatsva kufambira mberi pakunamata. Tingadzidzei panyaya iyi? Tinofanira kuedza kunzwisa zvatinooverenga muBhaibheri sezvakaita Aporo. Zvisinei, muKristu ane ruzivo

paanotipa mazano okuti tingawedzera sei unyanzvi pakudzidzisa, tinofanira kubvuma rubatsiro rwacho tichizvinipisa uye tichiratidza kuonga. Kana tikadaro, basa redu dzvene richawedzera kunaka.

SHANDISA ZVAUNODZIDZA KUBATSIRA VAMWE

¹² Tinogona kuita kuti vamwe vakombererwe kana tikatevedzera Prisira, Akwira uye Aporo. Paunokurudzira munhu anofarira kuti akunde chimwe chinhu chiri kumutadzisa kufambira mberi pakunamata, unonzwa sei? Kana uri mukuru, unonzwa sei hama yako ikakutenda kuti wakaibatsira nezano rinobva muMagwaro panguva yakakoma? Hapana mubvunzo kuti kushandisa Shoko raMwari kubatsira vamwe kunatsiridza upenyu hwavo kunoita kuti ugutsikane uye ufare.* Ona kuti ungaita sei izvozvo.

¹³ Panyaya yokunamata kwechokwadi nekwenhema, vaIsraeri vakawanda vepanguva yaEriya vaiva nemwoyo miviri. Zano raEriya raakapa vanhu ivavo rinogona kubatsira mudzidzi weBhaibheri asiri kufambira mberi pakunamata nemhosva yokuomerwa nokusarudza zvokuita. (*Verenga 1 Madzimambo 18:21.*) Funga nezvemamwe mamiriro ezvinhu: Kana munhu anofarira achitya zvingaitwa neshamwari nevemumhuri, unogona kumubatsira kutsunga kunamata Jehovha nokukurukura naye **Isaya 51:12, 13.**—*Verenga.*

¹⁴ Chokwadi Bhaibheri rine mashoko akawanda anogona kukurudzira, kururami-

* Chokwadi hatidi kushandisa zano reBhaibheri kumanikidza vamwe kuita zvimwe zvinhu kana kuti kuvapa mhosva. Tinofanira kuitira mudzidzi weBhaibheri mwoyo murefu uye mutsa sezvatinoitirirawo naJehovha.—Pis. 103:8.

12, 13. Taura muenzaniso unoratidza kuti kushandisa Magwaro nokungwarira kunogona kubatsira vadzidzi veBhaibheri kufambira mberi.

14. Chii chichakubatsira kuyeuka ndima dzeBhaibheri paunenge uchidzida kuti ubatsire vamwe?

sa, kana kuti kusimbisa vanhu vanoriverenga. Asi ungabvunza kuti, ‘Ndingaita sei kuti ndiyeuke magwaro pandinenge ndichidada?’ Verenga Bhaibheri uye fungisisa pfungwa dzaMwari zuva nezuvva. Izvi zvichaita kuti uve nemashoko aunozobatsirwa nemudzimu waJehovha kuyeuka paunenge wava kuada.—Mako 13:11; *verenga Johani 14:26.**

¹⁵ Paunenge uchiita mabasa ako echiKristu, nyengeterera uchenjeri kuna Jehovha sezvakaitwa naMambo Soromoni. (2 Mak. 1:7-10) “Bvunzisisa nokunyatsoongorora” Shoko raMwari kuti uwane zivo yakarurama yaJehovha uye kuda kwake sezvakaitwa nevaprofita vekare. (1 Pet. 1:10-12) Muapostora Pauro akakurudzira Timoti kuti adzidze “mashoko okutenda needzidziso yakanaka.” (1 Tim. 4:6) Ukaita izvozvo, uchanyatsokwanisa kubatsira vamwe pakunamata. Uye uchange uchisimbisawo kutenda kwako.

TINONYATSODZIVIRIRWA NESHOKO RAMWARI

¹⁶ VaJudha vaiva muBheriya, guta reMakedhoniya, vaiva netsika yoku“nyatsoongorora Magwaro zuva nezuvva.” Pauro paiparidzira vaJudha ivavo mashoko akanaka, vaitenzanisa mashoko ake nezvavaiziva zvaiwa muMagwaro. Zvakaguma nei? Vakawanda vakaona kuti aidzidzisa chokwadi, uye “vakava vatendi.” (Mab. 17:10-12) Izvi zvinoratidza kuti kuverenga Bhaibheri zuva nezuvva kunosimbisa kutenda muna Jehovha. Ku-

* Zvakadini kana uchiyeuka mashoko anokosha endima yacho asi wakanganwa bhuku racho, chitsauko, uye ndima? Ungangwana rugwaro rwacho nokutsvaka mashoko iwayo muindekisi iri kumucheto kweBhaibheri, mu*Watchtower Library*, kana kuti mukonikodhenzi ye*New World Translation*.

15. Chii chichakubatsira kunyatsonzwisisa Shoko raMwari?

16. (a) Ku“nyatsoongorora Magwaro zuva nezuvva” kwakabatsira sei vaBheriya? (b) Nei kuverenga Bhaibheri zuva nezuvva kuchikosha chaizvo kwatiri mazuva ano?

‘JEHOVHA ANONDIPA CHAIZVO ZVANDINODA’

Imwe hanzvadzi yechiduku yakanyora kuti: “Pazviyeuchidzo vose zvatinopiwa naJehovha zvinoratidza kuti anotida, zviya zvinotikurudzira kuverenga Bhaibheri zuva nezuva zvakanibatsira chaizvo muupenyu hwangu. Ndatanga kuverenga Bhaibheri mugore rangu rokupedzira rokusekondari, uye zvatora makore maviri kuti ndiripedze. Munguva iyoyo, ndakawana muShoko raJehovha vose zvandaida pakusarudza zvokuita noupenyu hwangu. Iye zvino ndiri kuverenga Bhaibheri kechipiri. Asi zvinoita sokuti ndiri kuverenga zvinhu zvandisina kumbobvira ndaona. Kuverenga Bhaibheri iye zvino kuri kundinakidza chaizvo sepakutanga, ndingatoti kwawedzera! Ndinoshamiswa nokukwanisa kwaJehovha kundipa chaizvo zvandinoda.”

tenda kwakadaro, “kutarisira nechivimbo zvinhu zvinenge zvichitarisirwa,” kunokosha kana tichizopona topinda munyika itsva yaMwari.—VaH. 11:1.

¹⁷ Pauro aiva nechikonzero chakanaka paakanyora kuti: “Kana tiri isu vemasikati, ngatisvinairei tipfeke chinhu chinovhariridza chipfuva, chokutenda uye rudo uye tariro yoruponeso sengowani.” (1 VaT. 5:8) Mwoyo wemusoja unofanira kudzivirirwa pamuvengi. Saka mwoyo wokufananidzira wemuKristu unofanirawo kudzivirirwa pasimba rechivi. Chii chinoitika kana mushumiri waJehovha akanyatsovimba nezvipikirwa zvaMwari, akamuda uye akadawo vanhu? Mushumiri akadaro anenge achii-ta sokuti ari kuzvidzivirira nechinovhariridza chipfuva chemhando yepamusoro uye kashoma kuti azoite chero chinoita kuti asafarirwa naMwari.

¹⁸ Pauro akataurawo nezvengowani, “tariro yoruponeso.” Musoja anotaurwa nezvake muBhaibheri paaisadzivirira musoro wake, aigona kuurayiwa zviri nyore muhondo. Asi paaipfeka ngowani yakasimba, aigona kutemwa hake mumusoro asi osanyanya kukuvara. Kana tikadzidza Shoko raJehovha, tinova netariro yokuti anogona kutiponesa. Tariro yakasimba inoita kuti tisatsauswa nevakapandukira sangano uye ‘kutaura kwavo kusina zvakanobatsira’ kunoita seronda riri kunyenga. (2 Tim. 2:16-19) Tariro yedu ichatisimbisawo kuti tisafurirwa nevaya vangaita kuti tiite zvinonzi naJehovha zvakaipa.

CHINONYANYA KUKOSHA KUTI TIPONE

¹⁹ Kuvimba neShoko raJehovha kunonyanya kudiwa sezvo mugumo unoswedede

17, 18. (a) Kutenda kwakasimba uye rudo zvinodzivirira sei mwoyo wokufananidzira wemuKristu? (b) Tariro inotidzivirira sei?

19, 20. Nei tichikoshesa chaizvo Shoko raMwari, uye tinoratidza sei kuti tinorikoshesa? (Ona bhokisi rakanzi “Jehovha Anondipa Chaizvo Zvandinoda.”)

ra pedyo. Mazano atinowana mariri anotibatsira kugadzirisa tsika dzakaipa uye kuzvidzora pakutadza. Rinotikurudzira uye rinotinyaradza zvokuti tichakunda miedzo yaSataneyenyika yake. Kutitungamirira kunoita Jehovha achishandisa Shoko rake kuchatibatsira kuramba tiri mumugwagwa wokuupenyu.

²⁰ Yeuka kuti Mwari “anoda kuti vanhu vemarudzi ose vaponeswe.” “Vanhu vemarudzi ose” ivavo vanosanganisira vashumiri vaJehovha. Vamwe vacho ndevaya vatingabatsira nebasa redu rokuparidza uye rokudzidzisa. Asi vose vanoda kupona vanofanira kuwana “zivo yakarurama pamusoro pechokwadi.” (1 Tim. 2:4) Saka kuti tipone mumazuva okupedzisa tinotofanira kuverenga uye kushandisa mirayiridzo yakafemerwa iri muBhaibheri. Chokwadi, kuverenga kwatinoita Bhaibheri zuva nezuva kunoratidza kuti tinonyatsokoshesa Shoko raJehovha rechokwadi.—Joh. 17:17.



BATSIRWA UYE BATSIRA VAMWE NESHOKO RAMWARI

*“Ndakati mirayiro
yose yezvinhu
zvose yakarurama.”*

—PIS. 119:128.

UNGAPINDURA SEI?

Unganyatsoshandisa sei Magwaro paunenge uchidzidzisa vamwe?

Pauro airevei paakataura nezve “kururamisa zvinhu”?

Vakuru nevabereki ‘vangananga sei nokururama’?

VAKURU pavanoongorora kana mudzidzi weBhaibheri achikwanisa kutanga kuparidza, vanozvibvunza kuti, ‘Kutaura kwomunhu wacho kunoratidza here kuti anotenda kuti Bhaibheri iShoko raMwari rakafuridzirwa?’* Vose vanenge vachida kuva vaparidzi voUmambo, kusanganisira vashumiri vose vaMwari, vanofanira kupindura kuti hongu zvisina kana mubvunzo. Nemhaka yei? Kuvimba kwatinoita neShoko raMwari uye kuva neunyanzvi pakurishandisa muushumiri zvichaita kuti tibatsire vamwe kuziva Jehovha uye kuwana ruponeso.

² Muapostora Pauro akasimbisa kukosha kweShoko raMwari paakanyorera Timoti kuti: “Rambira pazvinhu zvawakadzidza uye zvawakaitwa kuti uve nechokwadi nazvo.” “Zvinhu” zvakataurwa naPauro ichokwadi cheBhaibheri chakaita kuti Timoti atende mashoko akana-ka. Chokwadi ichi chave chichitibatsirawo uye chinoramba chichitibatsira kuramba ‘takachenjera kuti tiwane ruponeso.’ (2 Tim. 3:14, 15) Tinowananzoshandisa mashoko anotevera aPauro tichiratidza vamwe kuti Bhaibheri rinobva kuna Mwari, asi mumwe nomumwe anogona kubatsirawo nemashoko iwayo ari pana **2 Timoti 3: 16. (Verenga.)** Ngatinyatsokurukurei ndima iyoyo. Izvo zvichaita kuti tiwedzere chivimbo chokuti dzidziso dzose dzaJehovha ‘dzakarurama.’—Pis. 119:128.

“RUNOBATSIRA PAKUDZIDZISA”

³ Jesu akaudza rudzi rwevaIsraeri kuti: “Ndiri kuku-
tumirai vaprofito nevarume vakachenjera nevarayiridzi

* Ona *Takarongwa Kuti Tiite Zvinoda Jehovha*, peji 79.

1. Nei tichifanira kunyatsovimba neShoko raMwari?

2. Nei tichifanira ‘kurambira pazvinhu zvatakadzidza’?

3-5. (a) Vanhu vazhinji vakaita sei pavakanzwa hurukuro yaPetoro paPendekosti, uye nei vakadaro? (b) Chii chakaita kuti vakawanda muTesaronika vabvume chokwadi? (c) Chii chingashamisana vanhu mazuva ano nezveushumiri hwedu?

vevanhu vose.” (Mat. 23:34) Jesu aitura vazidzi vake, vaakadzidzisa kushandisa Magwaro muushumiri hwavo. PaPendekosti ya33 C.E., mumwe weava “varayiridzi vevanhu vose,” muapostora Petro, akapa hurukuro kuvanhu vazhinji vaiva muJerusarema achishandisa ndima dzinoverengeka dzeMagwaro echiHebheru. Vakawanda pavanzwa Petro achitaura kushanda kwemashoko acho, “vakabayiwa pamwoyo.” Vanhu ivavo vakapfidza zvivi zvavo. Vanenge 3 000 vakakumbira kukanganwirwa naMwari vakava vaKristu.—Mab. 2:37-41.

4 Mumwe murayiridzi wevanhu vose, muapostora Pauro, akaparidza mashoko akanaka munzvimbo dzaiva kure neJerusarema. Somuenzaniso, muTesaronika, guta reMakedhoniya, akataura nevaya vainamata musinagogi. KwemaSabata matatu, Pauro “akakurukurirana navo achishandisa Magwaro, achitsanangura uye achiratidza nezvakanyorwa kuti zvakanga zvakakodzera kuti Kristu atambure uye kuti amuke kubva kuvakafa.” Zvakaguma nei? “Vamwe vavo [vaJudha] vakava vatendi,” uye ndizvo zvakaitawo “vazhinjizhinji vevaGiriki.”—Mab. 17:1-4.

5 Mashandisiro anoita vashumiri vaMwari Bhaibheri mazuva ano anoshamisa vakawanda. Pashure pokunge mumwe saimba kuSwitzerland aterera imwe hanzvadi yedu ichiverenga rugwaro, akaibvunza kuti: “Muri vechechi ipi?” Yakapindura kuti: “Ini nemumwe wangu tiri Zvapupu zvaJehovha.” Iye akati: “Ndaisafanira kubvunza. Pane vamwe here kunze kweZvapupu zvaJehovha, vangauya pamba pangu kuzoverenga Bhaibheri?”

6 Tinganyatsoshandisa sei Bhaibheri pakudzidzisa? Kana uine ropafadzo yokudzi-

6, 7. (a) Vaya vanodzidzisa muungano vangashandisa sei Bhaibheri zvakana? (b) Nei kushandisa Magwaro nounyanzvi pazvidzidzo zveBhaibheri kuchikoshwa chaizvo?

dzisa ungoro uri pachikuva, nyatsosarudza magwaro okushandisa. Pane kungotaura zviru mumagwaro anokosha kana kuverenga kubva papepa kana pane mumwe mudziyo wemagetsi, *vhura Bhaibheri woriverenga*, uye kurudzira vateereri kuvhurawo avo. Uyewo wana nguva yokuratidza *kushanda* kwendima dzacho zvokuti vateereri vanobatsirwa kuswedera pedyo naJehovha. Pane kushandisa mienzaniso yakaoma uye zvakaitika zvokungosetsa vanhu, shandisa nguva yacho kutsanangura Shoko raMwari.

7 Tinofanira kufungei patinenge tichiitisa zvidzidzo zveBhaibheri? Patinenge tichishandisa mabhuku edu echiKristu, tinofanira kungwarira kuti tisangosiya magwaro arimo. Tinofanira kukurudzira mudzidzi kuverenga magwaro ane mashoko asina kunyorwamo, tomubatsira kunzwisisa zvaanoreva. Tingazviita sei? Hatidi kuita mutorododo wetsanangudzo asi tinofanira kukurudzira mudzidzi kutaura zvaanofunga. Pane kumuudza zvaanofanira kutenda kana kuti zvokuita, tinogona kubvunza mibvunzo yakanaka ichamubatsira kuona pfungwa yakarurama.*

“RUNOBATSIRA . . . PAKUTSIURA”

8 Tinowananzofunga kuti “kutsiura” ibasa rinofanira kuitwa nevakuru vechiKristu. Uye zvechokwadi, vatariri vane basa ‘roku-tsiura vava vane tsika yokuita chivi.’ (1 Tim. 5:20; Tito 1:13) Asi *kuzvitsiura* kunokoshawo. Pauro aiva muKristu aiita zvakana uye aiva nehana yakachena. (2 Tim. 1:3) Kunyange zvakadaro, akanyora kuti: “Ndi-noona munhengo dzangu mumwe mutemo uchirwisana nomutemo wepfungwa dzangu uye uchinditungamirira ndiri nhapwa kuenda kumutemo wechivi.” Kana

* Paaidzidzisa, Jesu aiwanzobvunza vamwe kuti: “Munofungei?” Aibva avapa nguva yokupindura.—Mat. 18:12; 21:28; 22:42.

8. Pauro aiva nedambudziko ripi?

tikadzidza zvakaitea kuti ataure mashoko aya, tichanzwisisa hondo yaiva naPauro pakuedza kuzvidzora kuti asaite chivi.—*Vere nga VaRoma 7:21-25*.

⁹ Pauro aiedza kukunda matambudziko api? Kunyange zvazvo asina kuataura, akanyorera Timoti kuti aimbova “munhu aiiita zvakaipa.” (1 Tim. 1:13) Asati atendeuka, Pauro aiiitira vaKristu hasha dzakaipa. Nezvemanzwiro aaiita pamusoro pevateveri vaKristu, akareurura kuti: “Ndaivapengerwa kwazvo.” (Mab. 26:11) Pauro akadzidza kudzora hasha dzake, asi dzimwe nguva aiomerwa nokudzora manzwiro ake uye zvaaitaura. (Mab. 15:36-39) Chii chakamubatsira kubudirira?

¹⁰ Paainyorerera vaKristu vokuKorinde, Pauro akatsanangura nzira yaaishandisa pakuzvitsiura. (*Verenga 1 VaKorinde 9:26, 27*) Aiiita sokuti ari kunyatsokanda zvibhakerwa kuti arwise muviri wake usina kukwana. Angangodaro aitsvaka mazano muMagwaro, oteterera kubatsirwa naJehovha kuti aashandise, uye oshanda nesimba kuti avandudze.* Tinogona kubatsirwa nomuenzaniso wake nokuti isuwo tinorwisana nezvido zvokutadza.

¹¹ Pakunamata kwedu hatifaniri kumbofa takafunga kuti hapana chingatiwana. Asi tinofanira ‘kuramba tichizviedza’ kuti tive nechokwadi chokuti tiri kufamba muchokwadi. (2 VaK. 13:5) Patinenge tichiverenga magwaro akada saVaKorose 3:5-10, tinogona kuzvibvunza kuti: ‘Ndiri kushanda nesimba here kuuraya zvido zvokutadza kana

* Tsamba dzaPauro dzinokurudzira chaizvo nyaya yokuti tirwise kuti tsaita chivi. (VaR. 6:12; VaG. 5:16-18) Saka zvine musoro kuti titi iyewo aishandisa mazano aaipe vamwe.—VaR. 2:21.

9, 10. (a) Pauro angangodaro airwisana nematambudziko api? (b) Pauro angangodaro airwisa sei kuti asaite chivi?

11. Tingaramba sei ‘tichizviedza’ kuti tione kana tiri kufamba muchokwadi?

kuti ndiri kufarira zvinovengwa naMwari? Pandinenge ndichishandisa Indaneti, pakabuda zvinhu zvounzenza ndinozvivhara here, kana kuti ndinotoita zvokutsvaka nzvimbo dzazviri? Kushandisa mazano eShoko raMwari saizvozvokuchatibatsira ‘kuraumba takamuka, takasvinura.’—1 VaT. 5:6-8.

“RUNOBATSIRA . . . PAKURURAMISA ZVINHU”

¹² Shoko rechiGiriki rinoshandurwa kuti “kururamisa zvinhu” rinoreva “kuita kuti chinhu chinake, kuchigadzirisa, kuita kuti chirurame sepakutanga.” Dzimwe nguva tinofanira kutora danho rokururamisa zvinhu nevamwe vasingatinzwisisi kana kuti vasinganzwisisi zvatinotoita. Somuenzaniso, vatungamiriri vechitendero chechiJudha vakanyunyuta kuti Jesu aiva nomutsa ku“vateresi nevatadzi.” Jesu akavapindura kuti: “Vanhu vakagwinya havadi chiremba, asi vanorwara vanomuda. Saka endai, mudzidze kuti izvi zvinorevei, ‘Ndinoda ngoni, kwete chibayiro.’” (Mat. 9:11-13) Aitsanangurira vose mashoko aMwari nemwoyo murefu uye nomutsa. Saka vanhu vaizvininipisa vakasvika pakuziva Jehovha sa“Mwari ane ngoni nenyasha, anononoka kutsamwa uye azere nomutsa worudo, nechokwadi.” (Eks. 34:6) Vakawanda vakasvika pakutenda mashoko akanaka pamusana pezvaiedza kuitwa neMwanakomana waMwari “pakururamisa zvinhu.”

¹³ Muenzaniso waJesu unotidzidzisa zvatinofanira kuita pakubatsira vamwe. Munhu anenge agumbuka angangoerekana ati, ‘Ndinoda kukugadzirisa.’ Asi izvozvo handicho chinangwa chezvinotaurwa pana 2 Timoti 3:16. “Rugwaro rwose” harutipi mvumo yokuitira vamwe hasha. Kufanana ‘nokubaya kunoita bakatwa,’ kutsoropodza

12, 13. (a) Chinangwa chedu “pakururamisa zvinhu” ndechei, uye tingatevedzera sei Jesu pakuita izvozvo? (b) Matauroro api asingatombofaniri kuitwa “pakururamisa zvinhu” nevamwe?



Kana vabereki vakashandisa Bhaibheri nemutsa “pakururamisa” vana vavo, vachavabatsira kudzivisa marwadzo akawanda (Ona ndima 15)

vamwe kunowanzokonzera marwadzo uye hakuna zvakunobatsira.—Zvir. 12:18.

¹⁴ Saka tingaratidza sei mwoyo murefu uye mutsa “pakururamisa zvinhu”? Ngatitii murume nomudzimai vakumbira mukuru kuti avabatsire kupedza kukakavadzana kwavanogara vachiita. Mukuru wacho angaiti? Asina waanotsigira, anogona kukurukura navo zvinotaura Bhaibheri, zvichida achishandisa zviya zviru muchitsauko 3 chebhuku ra*Chakavanzika Chomufarwa Wemhuri*. Mukuru wacho paanenge achitungamirira pakukurukurirana kwacho, murume nomudzimai wacho vangaona kuti mumwe nomumwe anofanira kunyanya kushandisa zano ripi. Nokufamba kwenguva, mukuru wacho angazobvunza kuti zvinhu zviru sei mumhuri yacho opa rumwe rubatsiro kana zvakakodzera.

14-16. (a) Vakuru ‘vanganuramisa sei zvinhu’ nezira inobatsira vamwe kugadzirisa matambudzi-ko avo? (b) Nei “kururamisa zvinhu” maererano ne-Magwaro kuchikosha chaizvo pakurera vana?

¹⁵ Vabereki ‘vanganuramisa zvinhu’ sei zvokuti vanosimbisa vana vavo pakunamata? Fungidzira uchida kubatsira mwanasikana wako kuti arege ushamwari husina kukodzera. Kutanga, unofanira kutsvaka chokwadi cheniyaya yacho. Kana paine chikonzero chokuti utaure naye, unogona kutaura naye zvichida uchishandisa mazano ari muna *Mibvunzo Inobvunza Vechiduku—Mhinduro Dzinoshanda*, Bhuku 2. Muma-zuva anotevera, unogona kupedza imwe nguva uinaye. Unogonawo kuona mafungiro ake paanenge ari muushumiri kana kuti pamunenge muchizvivaraidza semhuri. Kana ukava nemwoyo murefu uye mutsa, mwanasikana wako achaona kuti unomuda. Izvozvo zvingangoita kuti ahandise mazano ako osakanganisa upenyu hwake.

¹⁶ Kana tikaratidza mwoyo murefu uye mutsa saizvozvo, tinogonawo kukurudzira vana vari kushushikana neutano, vakaora mwoyo nokupererwa nebaso, kana kuti vari

kuvhiringidzika nedzimwe dzidziso dze-muMagwaro. Kushandisa Shoko raMwari “pakururamisa zvinhu” kunounza makomborero akawanda kuvanhu vaJehovha.

“RUNOBATSIRA . . . PAKURANGA NOKURURAMA”

¹⁷ “Hapana kurangwa kunoita sokunofadza panguva ino, asi kunoshungurudza.” Asi “pashure kwozoberekera vakarovedzwa nakwo chibereko chine rugare, iko kururama.” (VaH. 12:11) VaKristu vakawanda vakura vanobvuma kuti kurangwa kwavaiitwa nevabereki vavo Zvapupu kwakavabatsira. Uye kubvuma kurangwa naJehovha achishandisa vakuru, kunoita kuti tirambe tiri munzira inoenda kuupenyu.—Zvir. 4:13.

¹⁸ Zvinoda unyanzvi kuti munhu ape chirango chinobatsira. Jehovha akaudza vaKristu kuti vachipe “nokururama.” (2 Tim. 3:16) Saka tinofanira kushandisa mazano eBhaibheri patinopa vamwe chirango. Rimwe racho riri pana Zvirevo 18:13, panoti: “Kana munhu achipindura nyaya asati ainzwa, ihwohwo upenzi kwaari uye kuzvinyadzisa.” Saka, vakuru pavanenge vachifanira kutaura nemunhu anenge achinzi akaita chivi chakakura, vanofanira kunyatsoongorora nyaya yacho kuti vawane zvose. (Dheut. 13:14) Kana vakadaro vachakwanisa kupa chirango “nokururama.”

¹⁹ Uyezve, Shoko raMwari rinorayira vakuru kuti varuramise vamwe “nounyoro.” (*Verenga 2 Timoti 2:24-26.*) Chokwadi, munhu angazvidzisa Jehovha uye angarwadzisa vanhu vasina mhosva. Kunyange zvakadaro, mukuru anoshatirwa pakupa munhu akadaro zano haazomubatsiri. Zvisinei, kana vakuru vakatevedzera “mutsa waMwa-

ri,” vangaita kuti mutadzi apfidze.—VaR. 2:4.

²⁰ Vabereki vanofanira kushandisa mazano eBhaibheri pakurera vana vavo “mukuranga nokutungamirira pfungwa kunoitwa naJehovha.” (VaEf. 6:4) Baba havafaniri kurangwa mwanakomana wavo vasina kunzwa zvose zvine chokuita nyenyaya yacho. Uye mumhuri yechiKristu hamutombofaniri kuitwa zvehasha. “Jehovha ane rudo rukuru uye ane ngoni,” uye vava vane basa rokuranga vaduku vanofanira kuedza kutevedzera rudo rwakadaro.—Jak. 5:11.

CHIPO CHINOKOSHA CHATAKAPIWA NAJEHOVHA

²¹ Mumwe murume aitya Mwari akaturu chaita kuti ade mutemo waJehovha. (*Verenga Pisarema 119:97-104.*) Kuudzidza kwakaita kuti awane uchenjeri uye kunzwisisa. Kuchengeta zano rawo kwakamubatsira kusafamba munzira dzenhema dzaiunza marwadzo kune vamwe. Kudzidza Magwaro kwaimufadza uye kwaita kuti agutsikane. Ainge akatsunga kuteerera Mwari ane mirayiridzo yainge yamubatsira pane zvakawanda chaizvo muupenyu.

²² Unokoshesa “Rugwaro rwose” here? Unogona kurushandisa kusimbisa kutenda kwaunoita kuti Mwari achazadzisa chinangwa chake. Mazano arimo anokudzivirira kuti usava netsika yokuita chivi zvichizoguma norufu. Kana ukatsanangura Magwaro nounyanzvi, unogona kubatsira vamwe kutanga kufamba mumugwagwa unoenda kuupenyu uye kuramba vari mauri. Tose zvedu ngatinyatsoshandisei “Rugwaro rwose” sezvatinoshumira Jehovha, Mwari wedu akachenjera kupfuura vamwe vose uye ane rudo.

17. Nei tichifanira kugamuchira chirango tichifara?

18, 19. (a) Nei zano riri pana Zvirevo 18:13 richikosha chaizvo “pakuranga nokururama”? (b) Vakuru pavanoratidza unyoro uye rudo pakukurukura nevatadzi, chii chinowanzoitika?

20. Vabereki vanofanira kushandisa mazano api pakuranga vana vavo?

21, 22. Mashoko api ari muPisarema 119:97-104 anyatsotsanangura manzwiro aunoita pamusoro peShoko raJehovha?

Makore 50 Ebasa Renguva Yakazara Pedyo neArctic Circle

YAKATAURWA NAAILI UYE ANNIKKI MATTILA

“Zviri nyore kuti upayone. Vabereki vako vari mu-chokwadi, uye vanogona kukutsigira,” takaudza shamwari yedu yaiva mubasa renguva yakazara mashoko aya. “Mirai ndikuudzei! Tose tina Baba vamwe chete,” akapindura kudaro. Mhinduro yake yaiva nechidzidzo chinokosha: Baba vedu vokude-nga vanotarisa vashumiri vavo uye vanovasimbi-isa. Zvechokwadi, zvakaitika kwatiri zvinoratidza kuti ichocho ichokwadi.

Annikki naAili vari kwavari kupayona iye zvino





Kubva kuruboshwe: Matti (baba), Tauno, Saimi, Maria Emilia (amai), Väinö (mwana), Aili, uye Annikki muna 1935



Kubva kuruboshwe: Eeva Kallio, Saimi Mattila-Syrjälä, Aili, Annikki, naSaara Noponen muna 1949

TAKABEREKWA tiri vana gumi uye taigara papurazi kuNorthern Ostrobothnia, Finland. Tainge tichiri vana pakarwiwa Hondo Yenyika II. Kunyange zvazvo taigara kure nekwairwiwa, takaramba tichifunga nezvokutyisa kwehondo. Maguta aiva pedyo eOulu neKalajoki paakabhombwa, takaona zimoto mudenga usiku. Vabereki vedu waitukurudzira kuti tihwande pataiona ndege dzehondo dzichipfuura. Saka hanzvadzi yedu Tauno, dangwe, paakatiudza nezvenyika inenge yava paradhiso musina zvakaipa, takafara chaizvo.

Tauno akadzidza chokwadi cheBhaibheri aine makore 14 achishandisa mabhuku eVadzidzi veBhaibheri. Pakatanga Hondo Yenyika II, akaramba kupinda muchiuto nemhaka yehana yakadzidziswa neBhaibheri uye akaiswa mujeri. Akatambudzwa chaizvo ari imomo. Izvozvo zvakatoita kuti anyanye kushinga kushumira Jehovha uye paakabudiswa, akatowedzera kushingaira muushumiri. Zvakaitwa nehanzvadzi yedu zvakatikurudzira kuenda kumisangano yeZvapupu yayitwa mumusha waiva pedyo. Taipindawo magungano kunyange zvazvo taitofanira kushanda nesimba kuti tiwane mari yaikwana. Taisonera vavakidzani zvipfeko, tarima hanyanisi, uye taitanha michero. Sezvo taiva nemabasa akawanda papurazi redu, taisakwanisa kupinda magungano pamwe chete, saka taiita zvokuchinjana.

Chokwadi chatakadzidza nezvaJehovha uye zvinzwazve zvake chakaita kuti tiwedzere kumuda

uye takasarudza kuzvitsaurira kwaari. Muna 1947, takaratidza kuzvitsaurira nokubhabhatidzwa mumvura. (Annikki aiva nemakore 15 uye Aili aiva ne17.) Sisi vedu Saimi vakabhabhatidzwawo gore iroro. Takadzidzisawo Bhaibheri vamwe sisi vedu, Linnea, vainge vakaroorwa. Ivo nemhuri yavo vakavawo Zvapupu zvaJehovha. Patakabhabhatidzwa, takasarudza kuti taida kuzopota tichitora upiyona hwezororo (kana kuti, hwebetsero).

KUPINDA MUUSHUMIRI HWENGUVA YAKAZARA

Muna 1955 takatamira kuKemi, guta riri kuchamhembe. Kunyange zvazvo tose taienda kubasa, taida kuva mapiyona asi taityira kuti taisazokwanisa kuzviriritira. Takafunga kuti taifanira kutanga tambounganidza mari. Ndipo patakakurukura nehanzvadzi yaipayona yataurwa patangira nyaya ino. Izvi zvakatibatsira kuona kuti kushumira Jehovha nguva yakazara hazvirevi kuti unofanira kunge uine zvaunazvo kana kuti uchitsigirwa nemhuri. Chinonyanya kukosha ndechokuti tivimbe naBaba vedu vokudenga.

Panguva iyoyo, tainge tachengeta mari yokushandisa kwemwedzi miviri. Saka muna May 1957, takarovera mwoyo kudombo ndokukumbira kuva mapiyona kwemwedzi miviri muPello, guta riri muLapland, kumusoro kweArctic Circle. Papeira mwedzi yacho miviri, tainge tichine mari yedu yose yatainge tachengeta, saka takakumbira kuva mapiyona kwemimwezve mwedzi miviri. Payaka-



Pataianda kugungano kuKuopio muna 1952.
Kubva kuruboshwe: Annikki, Aili, Eeva Kallio



Kaisu Reikko naAili vari muushumiri

Iye zvino papera makore 50, asi tichingori nemari yedu yatainge tachengeta!

zopera, tainge tichine mari yedu yose. Iye zvino tainge tava nechokwadi chokuti Jehovha aizotitarisira. Iye zvino papera makore 50, asi tichingori nemari yedu yatainge tachengeta! Patinofunga zvave zvichiitika, tinonzwa sokuti Jehovha akatibata mako achitiodza kuti: ‘Musatya. Ini ndichakubatsirai.’—Isa. 41:13.

Muna 1958, mutariri wedu wedunhu akatikurudzira kuti tinova mapiyona chaiwo kuSodankylä, Lapland. Panguva iyoyo, imwe hanzvadzi ndiyo yayingova Chapupu chete munzvimbo yacho. Yainge yadzidza chokwadi nenzira inonakidza. Mwanakomana wayo ainge ashanya kuHelsinki, guta guru reFinland nevamwe vomukirasi make. Pavaifamba muguta, imwe hanzvadzi yakura yakatambidza *Nharireyomurindi* mukomana wacho aiva pokupedzisira mumutsetse uye yakamukumbira kuti anoipa amai vake. Mukomana wacho akanoipa amai vake uye vakabva vangoona kuti ichi chaiva chokwadi.

Tairenda imba yaiva pamusoro pezimba raickerwa mapuranga. Ndimu mataipindira misanga-

no. Pakutanga, taingopinda misangano nehanzvadzi yacho nemwanasikana wayo. Taiverenga zvaizidzwa tiri pamwe chete. Papfuura nguva, mumwe murume ainge adzidza Bhaibheri neZvapupu akauya kuzoshanda paichekwa mapuranga. Iye nemhuri yake vakatanga kuwadzana neboka redu. Nokufamba kwenguva iye nemudzimai wake vakabhabhatidzwa. Hama iyi ndiyo yaitungamirira misangano yedu. Uyewo vamwe varume vaishanda ipapo vakatanga kupinda misangano uye vakabvuma chokwadi cheBhaibheri. Makore mashoma akazotevera, boka redu rainge rakura zvokuti rakava ungoro.

MATAMBUDZIKO ATAISANGANA NAWO

Madaro marefu aiita kuti basa redu rokuparidza riome. Muchirimo, taifamba netsoka, nemabhasikoro uye pamwe pachu neigwa kuti tishanyire vanhu mundima yedu. Mabhasikoro edu aiti batsira chaizvo. Taiashandisawo pataianda kumagungano uye kushanyira vabereki vedu vaigara kure nemazana emakiromita. Muchando, taikwira bhazi mangwanani-ngwanani toenda kune mumwe wemisha yemunharaunda iyoyo tofamba paimba neimba. Tapedza musha wacho wose, taifamba kuenda kune unotevera. Kwainge kuine sinou (chando chakaumbana) yakawanda uye dzimwe nguva yaisabviswa mumigwagwa. Taiwanzotevera mainge mapfuura nezvirei zvaizidzwa nemabhiza. Dzimwe nguva chando chaivhara mainge



Tiri muushumiri kuchitonhora chaizvo



Vamwe vatakadzidzisa chokwadi

mambofambwa nevamwe uye mwaka wacho wava kunopera, chando chacho chainyunguduka uye tainetseka chaizvo kufamba.

Kutonhora chaizvo kwokunze uye chando chainaya zvakatidzidzisa kupfeka zvinodziya. Taipfeka masokisi eshinda tovirikidza mamwe masokisi maviri kana matatu tochipfeka majombo. Kunyange zvakadaro, majombo edu aiwanzozara nesinou. Pataisvika pamasitepisi emba, taibvisa majombo edu toazunza kuti sinou ibude. Uyewo pataifamba muchando, majasi edu ainyorova nechokumupendero. Uye pakwainyanya kutonhora, mipendero yacho yaiomarara ichiita semarata. Mumwe mukadzi akati, “Vanhu imi mune kutenda chaiko, kubuda panze kuchitonhora kudai.” Tainge tafamba makiromita 11 kuti tisvike paimba iyoyo.

Taiwanzorara mudzimba dzevanhu pamusana pemadaro marefu ataifanira kufamba. Pakwaisviba, taikumbira pokurara. Misha yacho yaisava yemaoresa asi vanhu vacho vaiva noushamwari uye mutsa, vaitipa pokurara uyewo zvokudya. Taiwanzorara pamatehwe emhuka dzakasiyana-siyana. Pamwe pachu taimbodyawo namambo. Somuenzaniso, mumwe mukadzi akatiendesha muimba yepamusoro yevaenzi mataizorara maiva nemubhedha wakanaka chaizvo waiva nemachira mache na akachena aiva nemaresi. Kakawanda taikurukura Bhaibheri nemuridzi wemba kusvika usiku. Pane imwe imba, baba naamai vepo vakarara kune rimwe divi isu kune rimwe. Takaramba tichi-

kurukurirana Magwaro kusvikira kwava kuda kuedza. Murume wacho nomudzimai wake vairamba vachichinjana kutibvunza mibvunzo.

USHUMIRI HUNE ZVIBEREKO

Lapland inyika isina zvakawanda zvinokuramo asi inoyevedza uye kuyevedza kwayo kunoenderana nemwaka. Asi vanhu vaida Jehovha ndivo vaiyevredza kupfuura zvimwe zvose. Vamwe vanhu vaida chokwadi vaiva vatemi vemiti vaiuya kuzodzika misasa muLapland. Dzimwe nguva, taipinda mukamba kaiva nevarume vakawanda tingori vaviri. Mazirume iwayo aiteerera mashoko eBhaibheri uye aitambira mabhuku edu achifara.

Pane zvakawanda zvaitinakidza. Rimwe zuva, wachi yaiva muchiteshi chemabhazi yaiva mberi nemaminitsi mashanu, saka takasvika bhazi rae nda. Takafunga kukwira rimwe bhazi raienda kune mumwewo musha. Tainge tisati tamboshanda mundima iyoyo. Paimba yokutanga, takaona mumwe mukadzi wechiduku akati, “Mauya asikana, ndanga ndakatokumirirai.” Taidzidza Bhaibheri nasisi vake. Ainge audza sisi vake kuti vatikumbire kuzomushanyira zuva iroro chairo. Asi vainge vasi na kusvitsa shoko racho. Takatanga kudzidza naye Bhaibheri uye nehama dzake dzaigara muimba yaiva pedyo. Pasina nguva, takavabatanidza vose vari 12 tikatanga kuvadzidzisa vari pamwe chete. Kubva ipapo, vakawanda vemhuri iyi vakava Zvapupu zvajehovha.

Muna 1965, takanzi tinoshandira kuungano ya-tiri iye zvino muKuusamo, iri nechepazasi peArctic Circle. Panguva iyoyo, ungoro yacho yaingova ne-vaparidzi vashomanana. Pakutanga, ndima yedu itsva yayita seyakati omei. Vanhu vacho vaida cha-izvo zvokunamata asi vaisatifarira. Asi vakawanda vairemekedza Bhaibheri, zvokuti taiwana pokuta-ngira kukurukura navo. Saka zvisvishoma nezvisvishoma takaedza kudzidza vanhu vacho uye papfuura anenge makore maviri zvainge zvava nyore kutan-ga zvidzidzo zveBhaibheri.

TICHIRI KUSHINGAIRA MUUSHUMIRI

Iye zvino hatichakwanisi kuswera muushumiri asi tichiri kubuda anenge mazuva ose. Kuparidza mashoko akanaka kuvanhu vomundima yedu yakakura kwakava nyore Aili paakakurudzirwa nemwana wehanzvadzi yedu kudzidzira kutyaira uye paakatora chitambi muna 1987 aine makore 56. Takabatsirwazve pakavakwa Imba yoUmambo itsva uye takatamira kunogara muimba yayakabatana nayo.

Kuwedzera kwakaita vaparidzi kunoita kuti tifa-re chaizvo. Patakatanga basa renguva yakazara ne-

chokuchamhembe muFinland, kwaingova nevapa-ridzi vashoma vaiva kure nakure munzvimbo iyo-yo yakakura. Iye zvino kwava neungano dzinove-rengeka dzinotokwana dunhu. Kakawanda pama-gungano, mumwe munhu anouya otaura zita ra-ke obvunza kana tichiri kumuyeuka. Pamwe pa-cho kungava kuti taiitisa chidzidzo cheBhaibheri pamba pavo iye achiri mwana. Mbeu yainge yadya-rwa makore kana kuti makumi emakore akapfu-ura yainge yabereka zvizibereko!—1 VaK. 3:6.

Muna 2008 takasvitsa makore 50 tiri mapiyo-na chaiwo. Tinoonga Jehovha kuti takakwanisa ku-kurudzirana kuti titsungirire mubasa rake rinoko-sha. Tave tisina zvakawanda muupenyu asi hatina chatakamboshayiwa. (Pis. 23:1) Zvechokwadi pa-isava nechikonzero chokuti tityire kuita basa iri! Tinofara kuti Jehovha ave achitisimbisa kwemako-re ose aya maererano nevimbiso yake iri pana Isa-ya 41:10 inoti: “Ndichakusimbisa. Chokwadi ndi-chakubatsira. Chokwadi ndicharamba ndakakuba-ta zvakasimba noruoko rwangu rworudyi rwoku-rurama.”

Tinonakidzwa noshumiri kunyange kuchinaya





'IVA NECHOKWADI CHEZVINHU ZVINONYANYA KUKOSHA'

*"Muve nechokwadi
chokuti zvinhu zvino-
kosha kupfuura
zvimwe ndezvipi."*

—VAF. 1:10.

PFUNGWA DZOKUFUNGISISA

Zvakaratidzwa Isaya, Ezekieri
naDhanieri zvinoita kuti tive ne-
chivimbo chei?

Tinowana chidzidzo chipi pati-
nofunga nezvekunyatsoisa
pfungwa pabasa kwechikamu
chesangano raJehovha chepa-
nyika?

Nyaya ino yaita kuti utsidze mu-
mwoyo kuitei?

PETRO, Jakobho, Johani naAndreya vainge vava vo-
ga naTenzi wavo. Mashoko ainge ambotaurwa naJesu
nezvekuparadzwa kwetemberi ainge achivadya mwo-
yo. (Mako 13:1-4) Saka vakabvunza kuti: "Tiudzei, Zvi-
nhu izvi zvichaitika rini, uye chii chichava chiratidzo
chokuvapo kwenyu nechokuguma kwemamiriro ezvi-
nhu epanguva yacho?" (Mat. 24:1-3) Jesu akatanga ku-
vaudza zvinhu zvaizochinja chaizvo upenyu hweva-
nhu uyewo zvaizoratidza kuti ainge ava mazuva okupe-
dzisira enyika yakaipa yaSatani. Pane chinhu chimwe
chete chinofanira kuva chakanyanya kubata pfungwa
dzevadzidzi vaJesu. Ataura zvinhu zvisingafadzi zva-
kadai sehondo, kushomeka kwezvokudya, uye kuwe-
dzera kwokusateerera mutemo, Jesu akavaudzawo chi-
mwe chinhu chakanaka chaizoratidza kuti ainge ava
mazuva okupedzisira. Akati: "Aya mashoko akanaka
oumambo achaparidzwa munyika yose inogarwa kuti
ave uchapupu kumarudzi ose; uye zvadaro kuguma ku-
chasvika."—Mat. 24:7-14.

² Vadzidzi vaJesu vainge vamboparidza mashoko
akanaka oUmambo vaina Kristu. (Ruka 8:1; 9:1, 2) Va-
nogona kunge vakayeuka kuti akati: "Chokwadi, kuko-
hwa kukuru, asi vashandi vashoma. Naizvozvo kumbi-
rai Tenzi wokukohwa kuti atumire vashandi mukuko-
hwa kwake." (Ruka 10:2) Asi vaizoparidza sei "mu-
nyika yose inogarwa" uye vopa "uchapupu kumarudzi
ose"? Vashandi vacho vaizobva kupi? Kudai musi iwo-
yo wavakanga vakagara naJesu vaikwanisa kuziva zva-
izoitika munguva yemberi, chokwadi vaizoshamiswa
chaizvo nokuzadziswa kwemashoko iwayo mashoma
atinoverenga pana Mateu 24:14!

1, 2. Uprofita hupi hwemazuva okupedzisira hunofanira kunge
hwakabata pfungwa dzevadzidzi vaJesu, uye nei?

³ Tiri kurarama munguva iri kuzadziswa uprofitwa hwaJesu. Vanhu vane mamiriyoni vakabatana kuti vaparidze mashoko akanaka oUmambo munyika yose. (Isa. 60: 22) Zvisinei, Jesu akaratidza kuti mumazuva ano okupedzisira, vamwe vaizoomerwa nokuramba vakaisa pfungwa pabasa iri. Vaizotsauswa uye 'vaizoremerwa.' (*Verenga Ruka 21:34.*) Tiri kuonawo mashoko iwayo achizadziswa. Vamwe vanhu vaMwari vari kutsauswa. Izvi zvinogona kuonekwa nemabasa avanosarudza, dzidzo yepamusorosoro, pakuunganidza pfuma, uyewo nguva yavanopedzera pamitambo nekuzvivaraidza. Vamwe vari kuneta nemhaka yematambudziko uye kuzvidya mwoyo neupenyu. Zvibvunze kuti: 'Ini ndiri kuita sei? Zvandinosarudza zvinoratidza kuti ndinonyanya kukoshesei?'

⁴ VaKristu vepakutanga vaifanira kushanda nesimba kuti kunamata kurambe kuri pokutanga muupenyu. Muapostora Pauro akaona kuti aifanira kunyengetera kuti vava vaiva muFiripi vave "nechokwadi chokuti zvinhu zvinokosha kupfuura zvimwe ndezvipi." (*Verenga VaFiripi 1:9-11.*) Kufanana nemuapostora Pauro, vakawanda kare ikako 'vaitonyanya kuratidza ushingi kuti vataure shoko raMwari vasingaty.' (VaF. 1:12-14) Vakawanda vedu mazuva ano vanoparidzawo Shoko raMwari noushingi. Kunyange zvakadaro, kufunga zvirikuitwa nesangano raJehovha kungatibatsira here kuwedzera kuisa pfungwa pabasa rinokosha chaizvo rokuparidza? Chokwadi kunogona kutibatsira! Munyaya ino, ngatifungisisei urongwa hwakaitwa naJehovha kuti Mateu 24:14 izadziswe. Sangano rake rinonyanya kukoshesa chii, uye kuziva izvozvo

3. Ruka 21:34 iri kuzadziswa sei mazuva ano, uye tinofanira kuzviongorora sei?

4. (a) Pauro akanyengetera kuti vaKristu vomuFiripi vaitei, uye nei akadaro? (b) Munyaya ino neinotevera tichakurukurei, uye nechinangwa chei?

kungatikurudzira sei isu nemhuri dzedu? Munyaya inotevera tichakurukura zvingatibatsira kutsungirira uye kuramba tichifambirana nesangano raJehovha.

CHIKAMU CHESANGANO RAJEHOVHA CHOKUDENGA CHIRI KUFAMBA

⁵ Jehovha ane zvakawanda zvaasina kuita kuti zvinyorwe muShoko rake Bhaibheri. Somuenzaniso, haana kutipa udzamu hwokushanda kunoita uropi kana kushanda kunoita zvinhu zvose zvakasikwa, kunyange zvazvo taizonakidzwa chaizvo nokuziva mashoko iwayo! Asi, Jehovha akatipa mashoko atinoda kuti tinzwisise zvinangwa zvake uye kuti tirarame maererano nazvo. (2 Tim. 3:16, 17) Zvinofadza chaizvo kuti Bhaibheri rinotipa nzwisa yemamiriro akaita chikamu chesangano raJehovha chokudenga! Tinofara chaizvo patinoverenga tsanangudzo dzeurongwa hwaJehovha hwezvinhu kudenga dzakanyorwa naIsaya, Ezekieri, uye Dhanieri uye zvakataurwa naJohani muna Zvakazarurwa. (Isa. 6:1-4; Ezek. 1:4-14, 22-24; Dhan. 7:9-14; Zvak. 4:1-11) Zvinoita sokuti Jehovha akaita kuti tikwanise kudongorera kude nga kuti tione zvakwakaita. Nei akatiudza mashoko aya?

⁶ Jehovha aida kuti tisambokanganwa kuti tiri chikamu chesangano rake riri kudenga nepanyika. Pane zvakawanda zvirikuitwa zvatisingaoni pakutsigira zvinangwa zvaJehovha. Somuenzaniso, Ezekieri akaratidzwa chikamu chesangano raJehovha chokudenga chinomirirwa nengoro huru yokudenga. Ngoro iyi yaimhanya chaizvo uye yaigona kuchinja kwayainge yakananga ipapo ipapo. (Ezek. 1:15-21) Ngoro yacho yaifamba daro rakareba chaizvo

5, 6. (a) Nei Jehovha akaratidza vashumiri vake zvakaita chikamu chesangano rake chokudenga? (b) Ezekieri akaonei pane zvaakaratidzwa?



nokungotenderera kamwe chete kwemavhiri ayo. Ezekieri akaratidzwawo zvisihoma nezveainge akagara pangoro iyoyo. Akati: “Ndakaona chimwe chinhu chakanga chakaita sokupenya kwechinhu chakagadzirwa nendarama nesirivha, chakaita somoto mukati macho mose . . . Kwakanga kwakaita sokubwinya kwaJehovha.” (Ezek. 1:25-28) Chokwadi Ezekieri anofanira kunge akashamiswa chaizvo nezvaakaratidzwa! Akaona kuti Jehovha ndiye ari kutungamirira sangano rake rose, achishandisa mudzimu wake mutsvene. Zvechokwadi mafambiro engoro iyoyo anoratidza mashandiro anoshamisa echikamu chesangano raJehovha chokudenga!

⁷ Dhanieri ane zvaakaonawo zvinoita kuti tive nechivimbo. Akaratidzwa Jeho-

7. Zvakaratidzwa Dhanieri zvinoita sei kuti tive nechivimbo?

vha, “Akakwegura Pamazuva,” akagara pachigaro choumambo chine mirazvo yemoto. Chigaro choumambo chacho chaiva nemavhiri. (Dhan. 7:9) Jehovha aida kuti Dhanieri aone kuti sangano rake riri kufamba, richizadzisa chinangwa chake. Dhanieri akaonawo “mumwe munhu akafanana nomwanakomana womunhu,” Jesu, achipiwa masimba okutarisira chikamu chepanyika chesangano raJehovha. Utongi hwakazonaka hwaKristu hahusi hwemakore mashomanana chete. Asi, “ushe hwa-ke ushe hunogara nokusingagumi, husingazopfuuri, uye umambo hwake ndohuya husingazoparadzwi.” (Dhan. 7:13, 14) Izvovo zvinoita kuti tivimbe naJehovha uye tizive zvaari kuita. Akapa “ushe nokukudzwa noumambo” kuMwanakomana wake, Jesu, waakaona kuti anonyatsokwanisa. Jehovha anovimba neMwanakomana

wake. Saka tinogonawo kuvimba neutungamiriri hwaJesu.

⁸ Zvakaratidzwa vashumiri vaMwari ne-zvechikamu chesangano raJehovha chokudenga zvinofanira kuita kuti tinzwe sei? Chokwadi tinoshamiswa uye tinonzwa tandinipiswa nezviri kuitwa naJehovha sezvakaita Ezekieri. (Ezek. 1:28) Kufungisisa nezvesangano raJehovha kunoita kuti tive nechido chokuita basa sezvakaita Isaya. Pakamuka mukana wokuti audze vamwe zvaaitwa naJehovha, haana kumbozeza kuushandisa. (*Verenga Isaya 6:5, 8.*) Isaya aivimba kuti Jehovha aizomubatsira kuti akunde zvipingamupinyi zvose. Saka, iyi nzwiya yechikamu chatisingaoni chesangano raJehovha inoitawo kuti tishamiswe uye tikurudzirwe kuita zvakanwanda. Chokwadi tinokurudzirwa chaizvo patinofunga ne-zvechikamu chesangano ichocho chiri kuramba chichifamba uye chakabatikana nokuzadzisa zvinangwa zvaJehovha!

CHIKAMU CHESANGANO RAJEHOVHA CHEPANYIKA

⁹ Achishandisa Mwanakomana wake, Jehovha akaita kuti panyika pave nechikamu chesangano chinoshanda chakabatana nechokudenga. Nei chikamu ichocho chepanyika chichidiwa pakuzadzisa basa rinotsanangurwa pana Mateu 24:14? Funga zvikonzero zvitatu.

¹⁰ Kutanga, Jesu akataura kuti basa iri rokuparidza raizoitwa nevadzidzi vake “kusvikira kurutivi ruri kure kwazvo rwenyika.” (Mab. 1:8) Chechipiri, paizodiwa urongwa hwokuti vava vaizoita basa iri vapuwe zvokudya zvokunamata uye vatsigirwe. (Joh. 21:15-17) Chechitatu, paizofani-

8. Zvakaratidzwa Ezekieri uye Isaya naJehovha zvakaita kuti vanzwe sei, uye zvinofanira kuita kuti tinzwewe sei?

9, 10. Nei chikamu chesangano raJehovha chepanyika chichidiwa?

ra kuitwa urongwa hwokuti vaparidzi vevashoko akanaka vaungane vachinamata Jehovha uye vadzidziswe kuita basa racho. (VaH. 10:24, 25) Zvose izvi zvaisazongoitika zvoga. Kuti vateveri vaKristu vabudirire, basa racho raizofanira kunyatsorongwa.

¹¹ Tinoratidza sei kuti tinotsigira urongwa hunoitwa nesangano raJehovha? Imwe nzira inokosha ndeyokugara tichivimba nevaya vakagadzwa naJehovha naJesu kuti vatungamirire basa redu rokuparidza. Vava vari kutitungamirira vaigona kunge vachiitawo zvimwe zvinhu zvakanwanda zviri munyika, asi havasi kudaro. Ngationei kuti chikamu chesangano raJehovha chepanyika chava chakaisa pfungwa pachii.

KUISA PFUNGWA ‘PAZVINHU ZVINONYANYA KUKOSHA’

¹² Vakuru vechiKristu vagara nebaso vari munyika yose vakagadzwa kuti varonge uye vaite kuti basa rokuparidza Umambo rikurumidze kuitwa munyika dzavanogara. Hama idzi padzinosarudza zvokuita, dzinotsvaga mazano muShoko raMwari dzichiriita ‘rambi retsoka dzavo panzira yavo’ uye dzinonyengetera nemwoyo wose kuti dzitungamirirwe naJehovha.—Pis. 119:105; Mat. 7:7, 8.

¹³ Vakuru vechiKristu vanotungamirira basa rokuparidza mazuva ano vakazvipira “paushumiri hweshoko” sezvaaitwa nevaitungamirira ungoro yepakutanga. (Mab. 6:4) Vanofara chaizvo nekufambira mberi kuri kuita basa rokuparidza mashoko akanaka munyika dzavo uye munyika yose. (Mab. 21:19, 20) Havadzike mitemo yakawanda-wanda. Asi vanoita zvinotaura

11. Tinoratidza sei kuti tinotsigira urongwa hunoitwa nesangano raJehovha?

12, 13. Vakuru vechiKristu vanoita sei mabasa avo, uye nei izvozvo zvichikukurudzira?

Magwaro uye vanobvuma kutungamirirwa nemudzimu mutsvene waMwari pavane nge vachironga zvinoita kuti basa rokuparidza rienderere mberi. (*Verenga Mabasa 15:28.*) Hama idzi padzinoita izvozvo dzinoratidza muenzaniso wakanaka kune vose vari muungano dzekwavanogara.—VaEf. 4:11, 12.

¹⁴ Pane zvakawanda zvatisingaoni zvinoitwa nehama dzedu pakunyora mabhuku, zvinoshandiswa pamisangano nemagungano. Kune vashanduri vane zviuru vanoshanda nesimba chaizvo kushandura zvinhu izvi mumitauro inenge 600 kuitira kuti vakawanda vadzidze “zvinhu zvikuru zvaMwari” mumitauro yavo. (Mab. 2:7-11) Hama nehanzvadzi dzechiduku dzinoshandisa pakudhinda uye kubhinda mabhuku edu nemichina yepamusorosoro. Mabhuku aya anobva aendeswa kuungano, dzimwe dzacho dziri kure chaizvo.

¹⁵ Pane zvakawanda zvakarongwa kuitira kuti tiise pfungwa pakuparidza mashoko akanaka muungano dzedu. Somuenzaniso, vakawanda vano zvipira kubatsira pakuvaka Dzimba dzoUmambo nedzemagungano, kubatsira vanenge vawirwa nenjodzi kana kuti nourwere hunoda kukurumidzirwa, kuronga magungano uye kudzidzisa zvikoro zvesangano. Aya anongova mabasa mashoma atisingaoni paanoitwa. Chinangwa chemabasa ose aya ndechei? Ndechokuita kuti mashoko akanaka aparidzwe, kusimbisa pakunamata vana vanoita basa iri, uye kufambisira mberi kunamata kwechokwadi. Chokwadi chikamu chesangano raJehovha chepanyika chave chakaisa pfungwa pazvinhu zvinonyanya kuko- sha!

14, 15. (a) Urongwa hupi huripo hwokutsigira basa rokuparidza munyika yose? (b) Unonzwa sei nezvauri kuita pakutsigira basa rokuparidza Umambo?

TEVEDZERA MUENZANISO WESANGANO RAJEHOVHA

¹⁶ Tinombowana nguva yokufungisisa zvave zvichiitwa nesangano raJehovha here? Vamwe vakasarudza kutsvakurudza uye kufungisisa nyaya idzi pamanheru okunamata kwemhuri kana kuti pavanodzidza vari voga. Tinogona kunakidzwa nokudzidza zvakaonekwa naIsaya, Ezekieri, Dhanieri, uye Johani. Bhuku rinonzi *Zvapupu zvaJehovha—Vazivisi voUmambo hwaMwari* uye mamwe mabhuku kana kuti maDVD anowanika mumutauro wenyu anotaura zvinonakidza chaizvo nezvesangano.

¹⁷ Kufungisisa zviru kuitwa naJehovha achishandisa sangano rake kwakatinakira. Pamwe chete nesangano iri rakazonaka, dai tikatsunga kuramba takaisa pfungwa dzedu pazvinhu zvinonyanya kuko- sha. Kuita izvozvo kuchatisimbisa kuti titsidze mumwoyo medu sezvakaite Pauro, akanyora kuti: “Zvatiine ushumiri uhwu maererano nengoni dzatakaratidzwa, hatineti.” (2 VaK. 4:1) Akakurudzirawo vaais- handa navo kuti: “Tisarega kuita zvakanaka, nokuti mumwaka wakakodzera tichakohwa kana tisinganeti.”—VaG. 6:9.

¹⁸ Somunhu oga kana semhuri, pane zvatinofanira kugadzirisa here kuti tive nechokwadi chezvinhu zvinonyanya kuko- sha pane zvainoita zuva nezuva? Tinogona here kuita kuti upenyu hwedu husava netwakawanda-wanda kana kuti tisatsau- swe kuitira kuti tinyatsoita basa rokuparidza rinokosha kupfuura mamwe ose? Munyaya inotevera tichakurukura zvinhu zvi- shanu zvichatibatsira kuramba tichifambi- rana nesangano raJehovha.

16. Chii chamunogona kudzidza nezvacho muri moga kana kuti nemhuri dzenyu?

17, 18. (a) Nyaya ino yakubatsira sei? (b) Tinofanira kufunga mibvunzo ipi?



“Tisarega kuita zvakanaka.”—VAG. 6:9.

UNGAPINDURA SEI?

Urongwa hupi hunotibatsira kuti tirambe tichishingairira chokwadi?

Kuisa pfungwa pakunamata Jehovha kunoita kuti tiite sei panyaya yokupinda misangano?

Zvatinosarudza zvinoratidza sei kana tichizotsungirira kana kuti tichizoneta pabasa redu?

‘TISANETA’

TINOSHAMISWA chaizvo patinofunga kuti tiri chikamu chesangano rakakura riri kudenga nepanyika. Zvakaratidzwa Ezekieri zviri muchitsauko 1 uye zvakaratidzwa Dhanieri zviri muchitsauko 7 zvinonyatsoratidza zviri kuitwa raJehovha kuti azadzise chinangwa chake. Jesu ari kutungamirira chikamu chesangano raJehovha chepanyika kuti chiise pfungwa pakuparidza mashoko akanaka, kutsigira pakunamata vava vari kuita basa iri uye kusimudzira kunamata Jehovha. Chokwadi izvi zvinoita kuti tivimbe nesangano raJehovha! —Mat. 24:45.

² Tiri kufambirana nesangano iri rinoshamisa here? Kuda kwatinoita chokwadi kuri kuwedzera here kana kuti kuri kudzikira? Patinofunga nezvemibvunzo iyoyo, tinogona kuona kuti tava kuneta kana kuti hatichashingairi sezvataiita. Izvozvo zvinogona kuitika. Munguva yevaKristu vepakutanga, muapostora Pauro aifanira kukurudzira vaKristu vaainamata navo kuti vatevedzere kushingaira kwaiita Jesu. Pauro akati izvi zvaizovabatsira kuti ‘vasaneta vopera simba pamweya yavo.’ (VaH. 12:3) Saizvozvowo, kunyatsoongorora kwatakaita nyaya yakapfuura, inotaura zviri kuitwa nesangano raJehovha, kunofanira kuva kwakati-batsira chaizvo kuramba tichishingaira uye tichitsungirira.

³ Zvisinei, Pauro akaratidza kuti pane zvakanamata zvinodiwa kuti tisaneta. Akati tinofanira “kuita zvakanaka.” (VaG. 6:9) Saka tine zvatintofanira kuita. Ngatikurukurei zvinhu zvisihanu zvinogona kutibatsira kuti tirambe takasimba uye kuti tifambirane nesangano raJehovha. Tikadaro, tinogona kuona kana paine zvatintofanira kugadzirisa somunhu oga kana kuti semhuri.

1, 2. Kufungisisa nezvesangano raJehovha kunoita kuti tiwedzere sei kuva nechivimbo?

3. Chii chatinofanira kuita kuti tisaneta, uye munyaya ino tichakurukurei?

**NGATIUNGANEI KUTI
TIKURUDZIRANE UYE TINAMATE**

⁴ Kuungana kwagara kuri chinhu chinokosha kuvashumiri vaJehovha. Kudenga, panguva dzakakodzera, ngirozi dzinonzi dziuye pamberi paJehovha. (1 Madz. 22:19; Job. 1:6; 2:1; Dhan. 7:10) MuIsraeri yekare, vanhu vose vaifanira kuungana “kuti vaterere uye kuti vadzidze.” (Dheut. 31:10-12) VaJudha vaiva netsika yokuenda kumasinagogi kunoverenga Magwaro. (Ruka 4:16; Mab. 15:21) Ungano yechiKristu payakambwa, kuungana kwainge kuchiri kukosha, uye kuchiri kukosha chaizvo pakunamata kwedu. VaKristu vechokwadi ‘vanorangarirana kuti vakurudzirane kuva norudo nemabasa akanaka kwazvo.’ Tinoda kuramba ‘tchikurudzirana, kunyanya zvatinoona zuva raJehovha richiswederwa pe-dyo.’—VaH. 10:24, 25.

⁵ Imwe nzira inokosha yatinokurudzirana nayo ndeyokupindurawo pamisangano. Tinogona kutaura zvatintenda paruzhinji nokupindura mubvunzo wakadhindwa, nokutaura kushanda kunoita rugwaro, nokurondedzera muchidimbu zvakaitika zvinoratidza zvakanakira kushandisa mazano eBhaibheri, kana kuti nedzimwewo nzira. (Pis. 22:22; 40:9) Chokwadi unobvuma kuti pasinei nokuti tava nemakore akawanda sei tichipinda misangano, tinoramba tchikurudzirwa nokunzwa mhinduro dzinobva pamwoyo dzhama nehanzvadzi dzedu, vakuru nevaduku.

⁶ Ndezvipi zvimwe zvikonzero nei Mwari wedu achikoshesa chaizvo nyaya yokuti tigare tchiungana? Misangano yedu nemagungano zvinotibatsira kuti titaure nou-

4. Nei tingati kuungana chinhu chinokosha pakunamata kwechokwadi?

5. Tingakurudzirana sei pamisangano yedu?

6. Misangano yedu inotibatsira sei kuti tirambe takamuka pakunamata?

shingi uye titsungirire patinosangana mundima nevanhu vanoshora kana kuti vasingafariri. (Mab. 4:23, 31) Kutenda kwedu kunosimbiswa nehurukuro dzinobva muMagwaro. (Mab. 15:32; VaR. 1:11, 12) Kudzidziswa uye kukurudzirana kwatinoita patinoungana kuti tinamate kunotibatsira kuti tiwane mufaro wechokwadi uye “runyararo mumazuva edambudziko.” (Pis. 94:12, 13) Dare Rokudzidzisa reDare Rindzora ndiro rinoona nezvekurongwa kwe-mapurogiramu ose ezvokunamata kuti vanhu vaJehovha vari munyika yose vadzidziswe. Tinoonga chaizvo urongwa hwatinoitirwa kuti tinyatsodzidziswa pamisangano yedu vhiki roga roga pagore!

⁷ Zvisinei, pane chimwe chinhu chinokosha kupfuura kubatsirwa kwatinoitwa nemisangano yedu. Chinangwa chikuru chokuungana kwedu ndechokunamata Jehovha. (*Verenga Pisarema 95:6.*) Tine ropafadzo yakazonaka yokurumbidza Mwari wedu anoshamisa! (VaK. 3:16) Jehovha akakodzerwa nokuti tigare tichimunamata nokupinda uye nokupindurawo pamisangano yedu. (Zvak. 4:11) Ndosaka tichikurudzirwa kuti ‘tisarega kuungana kwedu, setsika ine vamwe!’—VaH. 10:25.

⁸ Tinoona misangano yedu yechiKristu seurongwa hunotibatsira kutsungirira kusvikira Jehovha aparadza nyika ino yakai-pa here? Kana tichidaro, misangano ichava chimwe chezvinhu “zvinokosha kupfuura zvimwe” chatinofanira kuwanira nguva muupenyu hwedu hune zvakawanda. (VaF. 1:10) Kuti tizosvika pakukundikana kuva pamwe chete nehama dzedu kuti tinamate Jehovha, panofanira kuva nechikonzero chakakura chaizvo.

7, 8. (a) Chinangwa chikuru chemisangano yedu yeungano ndechei? (b) Misangano inokubatsira sei pakunamata?

**CHIKAMU CHESANGANO
RAJEHOVHA CHEPANYIKA
CHINOSANGANISIRA:**

1. Dare Rinodzora
2. Matare Emapazi
3. Vatariri vanofambira
4. Matare evakuru
5. Ungano
6. Muparidzi wega wega



TSVAGA VANHU VANODA CHOKWADI

⁹ Kushingaira pabasa rokuparidza kunotibatsirawo kuti tirambe tichifambirana nesangano raJehovha. Jesu ndiye akatanga basa iri paaiva panyika. (Mat. 28:19, 20) Kubvira ipapo, basa rokuparidza Umambo nerokuita kuti vanhu vave vadzidzi ndiro rave richinyanya kukosheswa nesangano rose raJehovha. Pane zvakanakawanda zvirikuitika mazuva ano zvinoratidza kuti ngirozi dziri kutsigira basa redu uye dziri kutitungamirira kuvanhu vane “mafungiro akanaka okuti vave noupenyu husingaperi.” (Mab. 13:48; Zvak. 14:6, 7) Chikamu chesangano raJehovha chepanyika chiripo mazuva ano uye chakarongwa kuti chitsi-

9. Tinoziva sei kuti basa rokuparidza rinokosha?

gire basa iri rinokosha chaizvo. Ushumiri ndihwo hunonyanya kukoshawo here mu-penyu hwedu?

¹⁰ Kushingaira muushumiri kunotibatsira kuti tirambe tichida chaizvo chokwadi. Funga zvakanakaurwa naMitchel ava nenguva ari mukuru uye piyona wenguva dzose. Anoti: “Ndinoda chaizvo kuudza vanhu chokwadi. Ndinofunga nezvenyaya itsva inenge iri mu*Nharireyomurindi* kana *Mukai!* uye ndinoshamiswa kuti magazini imwe neimwe inonyatsonyorwa zvakanakanaka, zvinoratidza uchenjeri, uye kunzwisisa. Ndinonzwa ndiine chido chokubanda muushumiri kuti ndione kuti vanhu

10. (a) Taura muenzaniso unoratidza kuti tingaramba sei tichida chaizvo chokwadi. (b) Ushumiri hwave huchikubatsira sei kuti usaneta?

vanoita sei nemashoko acho, uye zvandin-gaita kuti vafarire. Ushumiri hwangu hu-noita kuti ndirambe ndakasimba. Ndino-edza kuita zvimwe zvose ndisati ndaenda kuushumiri kana kuti ndapedza.” Saizvo-zvowo, kugara takabatikana mubasa redu dzvene kunogona kutibatsira kuramba takasimba mumazuva ano okupedzisira. —*Verenga 1 VaKorinde 15:58.*

DZIDZA MABHUKU ANOTISIMBISA PAKUNAMATA

¹¹ Jehovah akatipa mabhuku akawanda ane zvokudya zvinotisimbisa pakunamata. Hapana mubvunzo kuti unoyeuka pawakamboverenga rimwe bhuku, ukati: ‘Izvi ndizvo chaizvo zvandange ndichida! Zvinoita sokuti Jehovah akaita kuti zvinyore-rwe ini!’ Izvozvo hazvina kungoitika zvoga. Jehovah anotirayiridza uye anotitungamirira achishandisa urongwa uhwu. Akati: “Ndichaita kuti uve nenjere uye ndichakurayiridza nzira yaunofanira kufamba nayo.” (Pis. 32:8) Tinoedza here kudzidza mabhuku ose atinopiwa anosimbisa pakunamata uye kufungisisa zvatino-overenga? Kuita izvozvo kuchatibatsira kuramba tichibereka zvibereko tosasvava pakunamata mumazuva ano okupedzisira akaoma. —*Verenga Pisarema 1:1-3; 35:28; 119:97.*

¹² Zvakanaka kuti tifunge basa rinoitwa pakuita kuti tigare tichiwana zvokudya izvi zvinosimbisa pakunamata. Dare Rokunyo-ra reDare Rinodzora ndiro rinoona nezvekutsvakurudzwa, kunyorwa, kuverengwa kuti anatsiridzwe, kushandiswa kwemifananidzo, uye kushandurwa kwemabhuku edu pamwe nezvinoiswa panzvimbo yedu yokubudisira mashoko paIndaneti. Mapa-

11. Nei tichifanira kunyatsoshandisa zvokudya zvinosimbisa pakunamata zvatinopiwa naJehovha?

12. Chii chingatibatsira kuti tisarerutsa zvokudya zvinotisimbisa pakunamata?

zi anoita basa rokudhinda anoendesa mabhuku kuungano dziri pedyo uye dziri kure. Basa rose iri rinoitirwei? Kutu vanhu vaJehovha vapiwe zvokudya zvakakwana pakunamata. (Isa. 65:13) Tose zvedu ngatibishairei kudzidza mabhuku ose iwayo atinopiwa nesangano raJehovha.—Pis. 119:27.

TSIGIRA URONGWA HWESANGANO

¹³ Pane zvakaraidzwa muapostora Johani, Jesu anoonekwa akatasva bhiza jena kuti akunde vava vanopandukira Jehovah. (Zvak. 19:11-15) Chokwadi, kutenda kwedu kunosimbiswa chaizvo nokuziva kuti ngirozi dzakatendeka uye vakazodzwa vakatomutsirwa kudenga, vari kutevera Jesu! (Zvak. 2:26, 27) Iwoyo muenzaniso wakazonaka wokutsigira urongwa hwaJehovha!

¹⁴ Boka guru rinonyatsotsigirawo basa rehama dzakazodzwa dzaKristu dzichiri panyika uye dziri kutungamirira musangano mazuva ano. (*Verenga Zekariya 8:23.*) Mumwe nomumwe wedu angatsigira sei urongwa hwaJehovha? Imwe nzira ndeyokuzviisa pasi pevaya vari kutungamirira. (VaH. 13:7, 17) Izvi zvinotangira muungano medu chaimo. Zvatino-taura nezvevakuru zvinoita kuti vamwe vavaremekedze uye varemekedze basa ravo here? Tinokurudzira vana vedu kuremekedza varume ava vakatendeka uye kutsvaka rubatsiro runobva muMagwaro kwavari here? Uyewo, tinokurukura here semhuri nezvekutsigira kwatingaita basa romunyika yose nemari yedu? (Zvir. 3:9; 1 VaK. 16:2; 2 VaK. 8:12) Tinokoshesa here ropafadzo yokuchengeta Imba yoUmambo yakanaka? Mudzimu waJehovha unoshanda wakasununguka pane kuremekedzana uye kubatana kwakadaro. Pachishandiswa mudzimu mutsvene iwo-

13, 14. Ndivanaani vari kutsigira urongwa hwaJehovha kumatenga, uye tingahutsigirawo sei pasi pano?

yo, tinogara tichibatsirwa kuti tisaneta mu-
mazuva ano okupedzisira.—Isa. 40:29-31.

RARAMA MAERERANO NEZVATINOPARIDZA

¹⁵ Chokupedzisira, kuti titsungirire uye tirambe tichifambirana nesangano raJehovha, tinofanira kuramba tichirama zvinoderana nezvatinoparidza tichiva “nechokwadi chezvinhu zvinogamuchirika kunaShe.” (VaEf. 5:10, 11) Tinogara tiri muhondo yokurwisana nemiviri yedu ine chivi, miedzo yaSatani uye nyika ino yakai-pa. Vamwe venyu, imi hama nehanzvadzi, mave muchirwa zuva rega rega kuti murambe muine ukama hwakanaka naJehovha. Izvozvo zvinoita kuti akudei chaizvo. Musakanda mapfumo pasi! Kurarama maererano nechinangwa chaJehovha kuchaita kuti tigutsikane chaizvo uye kuti tive nechokwadi chokuti hatisi kunamatira pasina.—1 VaK. 9:24-27.

¹⁶ Zvisinei, tinofanira kuitei kana tikaita chivi chakakura? Tinofanira kukurumidza kutsvaka rubatsiro. Kuvanza chivi chacho kunongoita kuti zvinhu zviwedzere kuipa. Yeuka kuti Dhavhidhi akati paasina kureurura zvivi zvake, ‘mapfupa ake akasakara nokugomera kwaaita zuva rose.’ (Pis. 32:3) Chokwadi, kuvanza zvivi kunoita kuti tisafara uye tinete pakunamata, “asi anoreurura nokuzvisiya achanzwirwa ngonni.” —Zvir. 28:13.

¹⁷ Funga zvakaitika kuna Anne.* Anne akava piyona wenguva dzose asati asvitsa makore 20. Asi akatangawo kurarama upenyu husingaenderani nechikristu. Izvi zvakamukanganisa chaizvo. Anoti: ‘Hana yangu yainditongesa. Ndaisafara uye ndai-

* Zita rakachinjwa.

15. Nei tichifanira kugara tichirwa kuti tirame zvinoderana nechinangwa chaJehovha?

16, 17. (a) Tinofanira kuitei kana tikaita chivi chakakura? (b) Zvakaitika kuna Anne zvinogona kutibatsira sei?



Bishaira kubatsira vamwe kuti vaone kuti vanogona kuvawo chikamu chesangano raJehovha rakakura

gara ndakaora mwoyo.’ Akaitei? Anotaura kuti rimwe zuva kumisangano kwakakururwa Jakobho 5:14, 15. Anne akaona kuti aida rubatsiro uye akakumbira vakuru kuti vamubatsire. Paanofunga zvakaitika anoti: “Magwaro iwayo mapiriti atinopiwa naJehovha kuti tipore pakunamata. Mapiriti iwayo haasi nyore kuamedza, asi anorapa. Ndakateerera zano riri mumagwaro iwayo, uye rakashanda.” Iye zvino kwaperama makore, uye Anne asimbazve pakunamata, ava kushumira Jehovha nehana yakachena.

¹⁸ Chokwadi iropafadzo kurarama mu-
mazuva ano okupedzisira uye kuva mu-
sangano raJehovha rinoshamisa! Ngatitsi-
dzei mumwoyo kuti tisambofa takarerutsa
zvatiinazvo. Ngatishandei semhuri kuti ti-
gare tichipinda misangano neungano yedu
kuti tinamate, kuti tibishaire kutsvaga va-
nhu vanoda chokwadi mundima yedu uye
kuti tikoshese zvokudya zvinosimbisa pa-
kunamata zvatinogara tichiwana. Ngatitsi-
girewo vava kutungamirira, torarama
zvinoderana nemashoko atinoparidza.
Kana tikadaro, tichafambirana nesangano
raJehovha uyewo hatizoneti pakuita zvaka-
naka!

18. Tinofanira kutsidza mumwoyo kuitei?

Temberi yomuJerusarema yakazombovawkwazve here gore ra70 C.E. rapfuura?

JESU akati hapana dombo retemberi yaJehovha raizombosiyiwa riri pamusoro perimwe dombo uye uprofi-ta uhwu hwakazadziswa mauto eRoma aitungamirirwa naTitus paakaparadza Jerusarema muna 70 C.E. (Mat. 24:2) Papfuura nguva, Mambo Julian akaronga kuva-kazve temberi.

Julian ave achinzi ndiye mambo wechihedheni woku-pedzisira weRoma. Aiva mwana womunin'ina waCon-stantine uye akadzidziswa dzidziso dzainzi ndedzечи-Kristu. Asi paakanzi ava mambo muna 361 C.E., aka-ramba pachena dzidziso idzodzo uye chiKristu chaiita zvakaipa chepanguva yake achitsigira chihedheni. Ma-bhuku anotaura zvakaikita kare anomuti "Mupanduki."


Julian aisema chiKristu. Chimwe chikonzero chinga-ngova chokuti paaiva nemakore matanhatu, akaona vanhu vaizviti vaKristu vachiuraya baba vake nedzi-

mwe hama dzake. Maererano nezvinotaurwa nevanyo-ri vezvakaitika kare vechechi, Julian akakurudzira vaJu-dha kuvakazve temberi yavo, achifunga kuti izvi zvaizo-ratidza kuti Jesu aiva muprofiita wenhema.*

Vanyori vezvakaitika kare havarambi kuti Julian aka-ronga kuvakazve temberi. Chavanoitirana nharo nde-chokuti akazotanga basa racho rokuvaka here uye ku-ti kana akaritanga chii chakazorimisa. Asi pane chinhu chimwe chete chechokwadi. Julian akaurayiwa asati asvitsa makore maviri ari pachigaro uye zvokuvakazve temberi zvakaabwa zvapararawo.

* Jesu haana kuti temberi yaisazombovawkwazve asi akati yaizo-paradzwa uye izvozvo zvakaikita muna 70 C.E.

Mufananidzo uyu wakaiswa nechepamusoro penzvimbo yaimbova netemberi unoratidza zvainofanira kunge yainge yakaita mumazuva aJesu



Paimbova netemberi iye zvino pakavakwa chechi yechiIslam

Photo: Todd Bolen/BiblePlaces.com